

REPUBLIQUE DU BURUNDI



CABINET DU PRESIDENT

LOI N°1/21 DU 12 JUILLET 2024 PORTANT  
MODIFICATION DE LA LOI N°1/19 DU 14  
SEPTEMBRE 2018 PORTANT MODIFICATION DE  
LA LOI N°1/15 DU 9 MAI 2015 REGISSANT LA  
PRESSE AU BURUNDI

**LE PRESIDENT DE LA REPUBLIQUE,**

Vu la Constitution de la République du Burundi ;  
Vu la Loi Organique n° 1/06 du 8 mars 2018 portant  
Révision de la Loi n° 1/03 du 24 janvier 2013 portant  
Missions, Organisation et Fonctionnement du Conseil  
National de la Communication ;  
Vu la Loi n°1/27 du 29 décembre 2017 portant Révision  
du Code Pénal ;  
Vu la Loi n°1/12 du 12 mai 2020 portant Code de la  
Protection Sociale au Burundi ;  
Vu la Loi n°1/11 du 24 novembre 2020 portant Révision  
du Décret-loi n° 1/037 du 7 juillet 1993 portant Révision  
du Code du Travail du Burundi ;  
Vu la Loi n°1/03 du 08 février 2023 portant Modification  
de la Loi n°1/28 du 23 août 2006 portant Statut Général  
des Fonctionnaires ;  
Revu la Loi n°1/19 du 14 septembre 2018 portant  
Modification de la Loi n°1/15 du 9 mai 2015 régissant la  
Presse au Burundi ;  
Le Conseil des Ministres ayant délibéré ;  
L'Assemblée Nationale et le Sénat ayant adopté ;

**PROMULGUE :**

 

REPUBURIKA Y'UBURUNDI



IBIRO VY'UMUKURU W'IGIHUGU

IBWIRIZWA INOMERO 1/21 RYO KU  
WA 12 MUKAKARO 2024 RIHINDURA IBWIRIZWA  
INOMERO 1/19 RYO KU WA 14 NYAKANGA 2018  
RIHINDURA IBWIRIZWA INOMERO 1/15 RYO KU WA 9  
RUSAMA 2015 RIGENGA IVYEREKEYE  
UKUMENYESHA AMAKURU MU BURUNDI

**UMUKURU W'IGIHUGU,**

Yihweje Ibwirizwa Shingiro rya Repuburika y'Uburundi ;  
Yihweje Ibwirizwa ryunganira Ibwirizwa Shingiro inomero  
1/06 ryo ku wa 8 Ntwarante 2018 risubiramwo Ibwirizwa  
inomero 1/03 ryo ku wa 24 Nzero 2013 rishinga imirimo  
y'Inama nkuru y'igihugu ijewe ivyerekeye ukumenyesha  
amakuru, ingene itunganijwe n'ingene ikora ;  
Yihweje ibwirizwa inomero 1/27 ryo ku wa 29 Kigarama  
2017 risubiramwo igitabo c'amategeko mpanavyaha ;  
Yihweje ibwirizwa inomero 1/12 ryo ku wa 12 Rusama  
2020 rigenga gutegekaniriza kazoza abakozi mu Burundi ;  
Yihweje ibwirizwa inomero 1/11 ryo ku wa 24 Munyonyo  
2020 risubiramwo itegeko-bwirizwa inomero 1/037 ryo ku  
wa 7 Mukakaro 1993 risubiramwo igitabo kigenga  
amategeko y'akazi mu Burundi ;  
Yihweje ibwirizwa inomero 1/03 ryo ku wa 8 Ruhuhuma  
2023 rihindura ibwirizwa inomero 1/28 ryo ku wa 23  
Myandagaro 2006 rigenga abakozi ba Reta ;  
Asubiye kwihweza Ibwirizwa inomero 1/19 ryo ku wa 14  
Nyakanga 2018 rihindura Ibwirizwa inomero 1/15 ryo ku  
wa 9 Rusama 2015 rigenga ivyerekeye ukumenyesha  
amakuru mu Burundi ;  
Inama Nshikiranganji imaze kubica irya n'ino ;  
Inama Nshingamateka n'Inama Nkenguzamateka zimaze  
kuvyemeza ;

**ATANGAJE :**

 

## CHAPITRE I : DES DISPOSITIONS GENERALES

### Section 1 : Des définitions

#### Article 1 :

Au sens de la présente loi, on entend par :

- 1° **agence de presse:** toute organisation, publique ou privée, sans but lucratif ou commerciale, qui cherche, collecte, sélectionne, traite, met à la disposition des organes de presse des informations journalistiques sous forme d'articles de presse, de photos, de sons, de contenus audiovisuels ou de presse en ligne ;
- 2° **blog :** une forme de journal en ligne dans lequel l'utilisateur publie des contenus sur le sujet de son choix et invite ses visiteurs à réagir sous la forme de commentaires ;
- 3° **clause de conscience:** un droit qui permet au journaliste, en cas de modification de la ligne éditoriale de l'organe qui l'emploie, de démissionner tout en bénéficiant d'indemnités égales à celles qu'il aurait perçues en cas de licenciement ;
- 4° **délit de presse:** une manifestation d'opinion ou une imputation d'un fait constituant un abus de la liberté d'expression commis par voie de presse ;
- 5° **diffusion:** l'émission d'informations diffusées à une heure fixe à la radio, à la télévision ou en ligne ;
- 6° **infographie:** l'application de l'informatique à la représentation graphique et au traitement de l'image ;
- 7° **internet:** un système d'interconnexion de machines et constituant un réseau informatique mondial, utilisant un ensemble standardisé de protocoles de transfert de données et de services variés comme le courrier électronique, la messagerie instantanée et le World Wide Web et composé de millions de réseaux aussi bien publics que privés, universitaires, commerciaux et gouvernementaux ;

## IGICE CA I : IVYEREKEYE INGINGO NGENDERWAKO

### Agace ka 1: Ivyerekeye insiguro y'amajambo

#### Ingingo ya 1 :

Muri iri bwirizwa, amajambo akurikira asiguwe gutya :

- 1° **ikigo gitororokanya amakuru:** ishirahamwe ryose rya Reta canke iry'abikorera utwabo, ridaharanira inyungu z'amafaranga canke ridandaza, rirondera, ritororokanya, risobanura canke riyohora, rigaha inkuru ziryohoye ibimenyeshamakuru bizikeneye zikaba ari izanditswe, amasanamu, amajwi, inkuru zigizwe n'amajwi hamwe n'amasanamu canke kigatanga izo nkuru biciye mu buhinga ngurukanabumenyi ;
- 2° **urubuga ngurukanabumenyi rw'abashikiriza iviyumviro:** ikimenyeshamakuru gikora biciye mu buhinga bwa none uwugikoresha atangaza inkuru zerekeye igisata kanaka yihitiyemwo agasaba abakoresha ico kimenyeshamakuru kugira ico bavuze kuri iyo nkuru yashikirije ;
- 3° **uburenganzira bwo kwubahirizwa mu karangamutima:** uburenganzira bufasha umumenyeshamakuru, igihe ikimenyeshamakuru akorera gihinduye intumbero cahora gikorera, gutanga imihoho agaca aronka indishi ingana n'iyoyoronse mu gihe yoba yirukanywe mu kazi ;
- 4° **icaha kijanye no kumenyesha amakuru:** ugushikiriza iviyumviro canke ugukora ico cose gifatwa nko kurenga ku mategeko mu gushikiriza iviyumviro bikorwa biciye mu kumenyesha amakuru ;
- 5° **ugushikiriza amakuru:** ugutanga amakuru ashikirizwa kw'isaha izwi biciye mu nsamirizi, imboneshakure canke biciye mu buhinga ngurukanabumenyi ;
- 6° **ugutyorora isanamu:** ugukoresha ubuhinga bw'imashini nyabwonko mu gushira isanamu ku rupapuro no mu kuyihinyanyura ;
- 7° **ubuhinga ngurukanabumenyi:** ubuhinga bwo gufatanya imihora y'imashini nyabwonko ikagira uruhererekane rw'imashini nyabwonko kw'isi yose, hagakoreshwa ivyisungwa vyose bihuriweko bijanye no guhanahana inkuru n'ubuzi bitandukanye nk'ubutumwa buciye mu buhinga ngurukanabumenyi, ubutumwa buhanahanwa atahandi bucishijwe no ku rubuga ngurukanabumenyi World Wide Web kandi bugizwe n'imihora myinshi cane, yaba iyikoresha na bose canke iy'umuntu ku giti ciwe, iy'amamashure ya kaminuza, iy'ubudandaji n'iy'Amareta ;

- 8° journal:** tout canal de transmission de l'information écrite, sur papier ou en ligne, traitée d'une manière professionnelle et consommée par un public ciblé ;
- 9° journaliste:** toute personne qui exerce sa profession dans un ou plusieurs organes de presse et pratique à titre régulier et rétribué la recherche, le traitement et la diffusion de toute une gamme d'informations qui est ensuite transmise au public à travers les médias ;
- 10° média:** toute institution ou moyen impersonnel permettant une diffusion large et collective d'informations ou d'opinions, quel qu'en soit le support ;
- 11° média audiovisuel non commercial:** une structure de production et de contenus médiatiques audiovisuels dont les sources essentielles de fonctionnement proviennent de dons, de legs, et ne dépendent que très exceptionnellement d'activités commerciales ;
- 12° média communautaire:** un organe de presse privé à but non lucratif au service de la communauté locale, géré par cette dernière à travers une structure communautaire ou un organe de radiodiffusion qui produit et diffuse, sur un spectre limité, des émissions qui promeuvent la participation des populations vivant dans un espace géographique déterminé aux efforts de développement local ;
- 13° média confessionnel:** tout média dont la mission est la diffusion de contenus religieux stricto sensu tels les messes, les sermons, les louanges, les prières, les chants, la lecture des livres et des informations séculières interprétées selon une perspective religieuse et socioéconomique ;
- 14° médias en ligne:** des médias régis par la loi sur la presse et qui utilisent l'internet comme principal canal ;
- 8° ikinyamakuru:** umuhora wose ucishwamwo amakuru yanditse haba ku rupapuro canke mu buhinga ngurukanabumenyi akaba ateguwe ku buhinga bujanye n'umwuga wo kumenyesha amakuru akarungikwa kugira asomwe n'abo agenewe ;
- 9° umumenyeshamakuru:** umuntu wese arangurira umwuga wiwe mu kimenyeshamakuru kimwe canke vyinshi akabikora mu buzima bwiwe bwa misi yose agahembwa kubera yarondeye, yateguye agatangaza amakuru aca ashikirizwa abantu biciye mu bimenyeshamakuru ;
- 10° ikimenyeshamakuru:** urwego rwose canke ubundi buryo bwose butitirwa umuntu butuma hashikirizwa amakuru canke ivyiyumviro bisomwa canke vyumvirizwa n'abantu benshi, hatarabwe ico amakuru atangwa aba ariko ;
- 11° ikimenyeshamakuru cumvirizwa cerekana n'amasanamu atari ic'ubudandaji:** igisata gitegura ibiganiro vyumvirizwa vyerekana n'amasanamu kigakoresha amafaranga ava ahanini mu ngabire, ibisigi kandi cikora gake kabaho ku mafaranga ava mu bikorwa vy'ubudandaji ;
- 12° ikimenyeshamakuru cigisha abenegihugu:** ikimenyeshamakuru c'abikorera utwabo kidaharanira inyungu z'amafaranga cigisha abenegihugu bo mu karere kirimwo, kigatunganywa n'abo benegihugu nyene biciye ku rwego bishingiye canke ku rwego rw'ugutangaza ibiganiro rutegura kandi rugashikiriza, mu karere k'igihugu gato, ibiganiro bihimiriza abenegihugu baba mu karere kanaka k'igihugu kwijukira no kugira uruhara mw'iterambere ry'akarere babamwo ;
- 13° ikimenyeshamakuru cegamiye ishengero:** ikimenyeshamakuru cose gishikiriza gusa ibiganiro bijanye n'ijambo ry'Imana nk'imisa, inyigisho z'ijambo ry'Imana, ukuninahaza Imana, amasengesho, indirimbo, ibisomwa mu bitabu hamwe n'amakuru ashikirizwa n'uwutihebeye Imana akaba yerekeye ivy'Imana, imibano n'ubutunzi ;
- 14° ibimenyeshamakuru vyo mu buhinga ngurukanabumenyi:** ibimenyeshamakuru bigengwa n'ibwirizwa ryerekeye ukumenyesha amakuru bikoresha ahanini ubuhinga ngurukanabumenyi mu gushikiriza amakuru ;

- 15° média privé:** un média appartenant à des personnes privées ou à des entreprises commerciales qui le contrôlent et qui propose des programmes dont l'objectif premier est de réaliser des profits à partir des rentrées publicitaires ;
- 16° média public:** un média qui bénéficie des subventions du Trésor public pour présenter un programme qui est dans l'intérêt de la population en général et ne s'appuie sur aucun parti politique ;
- 17° médias sociaux:** un ensemble de technologies, de contenus et d'interactions qui permettent de créer des réseaux sociaux, c'est-à-dire des groupes d'individus ou d'entités reliés entre eux par des liens dont la nature dépend du média social qui va servir de support au réseau tels les amis Facebook, les relations LinkedIn, les abonnés Twitter ;
- 18° organe de presse:** une structure institutionnelle qui réalise et diffuse l'information à travers les journaux, les écrits, les magazines, les cahiers ou les feuilles d'information paraissant, et n'ayant pas un caractère strictement scientifique, littéraire, artistique ou technique ;
- 19° pigiste:** un journaliste, un rédacteur, un correcteur dont la rémunération est fonction du travail effectué conformément au contrat de pigne conclu entre lui et son employeur ;
- 20° presse:** tout moyen ou procédé imprimé, audiovisuel ou auditif permettant de diffuser et de porter à la connaissance du public des faits, des opinions ainsi que d'autres expressions de pensée ;
- 21° publication de presse:** une publication quotidienne qui présente et commente l'actualité dans tous les domaines ou une émission d'informations diffusée à une heure fixe à la radio, à la télévision ou en ligne ;
- 15° ikimenyeshamakuru c'abikorera utwabo:** ikimenyeshamakuru c'abantu bigenga canke amashirahamwe afise intumbero y'ubudandaji agicungera akaba ari yo ashinga ibiganiro bishikirizwa abenegihugu, intumbero akaba ari iyo kurondera inyungu ziva mu biganiro vyo kumenyekanisha ibintu;
- 16° ikimenyeshamakuru ca reta** ikimenyeshamakuru kironswa imfashanyo ziva mu kigega ca Reta kugira gishikirize ibiganiro bifitiye akamaro abenegihugu muri rusangi kikaba kitegamiye umugambwe n'umwe ;
- 17° imbuga hwaniro:** ubuhinga bwose, ubutumwa bushikirizwa hamwe n'ihanahanwa ry'amakuru bituma hashingwa imihora y'uguhahaniramwo ubutumwa, ni ukuvuga imigwi y'abantu canke y'amashirahamwe bafise ico bahurirako bahujwe n'imihora uko iba imeze bikavana n'ingene urubuga hwaniro ruza gucishwamwo ubutumwa nk'abanywanyi b'urubuga Facebook, urubuga LinkedIn hamwe n'abakoresha urubuga Twitter ;
- 18° ikinyamakuru :** ikimenyeshamakurugitunganya kikongera kigashikiriza amakuru aterekeye na gato ubushakashatsi mu vy'ubumenyi, amayagwa, ibikorwa vy'abanyamwuga canke ubuhinga ;
- 19° umumenyeshamakuru yisumamwo:** umumenyeshamakuru, umwanditsi, uwukosora amakuru ahembwa hafatiwe ku gikorwa yakoze hisunzwe amasezerano y'akazi apfundikwa hagati y'uwo mumenyeshamakuru n'umukoresha ;
- 20° ukumenyeshama amakuru:** uburyo bwose bwo gusohora amakuru ku mpapuro, amakuru yumvirizwa yerekana amasanamu canke ayumvirizwa gusa butuma abantu bashikirizwa bongera bamenyeshwa ivyabaye, ivyiyumviro hamwe n'ibindi ;
- 21° ibitangazwa mu bimenyeshamakuru:** ibishikirizwa n'ibimenyeshamakuru ku musu ku musu vyerekana bikongera bikagira ico bivuze ku makuru aba agezweho yo mu bisata vyose canke ikiganiro c'amakuru cama gishikirizwa kw'isaha izwi ku nsamirizi, ku mboneshakure canke mu buhinga ngurukanabumenyi;

- 22° publicité:** toute forme de communication de masse faite pour le compte d'un promoteur clairement identifié qui paye les médias pour insérer des messages promotionnels dans des espaces distincts du contenu rédactionnel et les diffuser ainsi aux audiences par la voie des médias retenus ;
- 23° radio communautaire:** une radio privée à but non lucratif au service de la communauté locale, gérée par cette dernière à travers une structure communautaire ou un organe de radiodiffusion qui produit et diffuse, sur un spectre limité, des émissions qui promeuvent la participation des populations vivant dans un espace géographique déterminé aux efforts de développement local ;
- 24° radiodiffusion:** tout service ou moyen de communication fait d'une suite ordonnée d'émissions comportant des sons transmis par l'intermédiaire d'un récepteur destiné à être reçu simultanément par l'ensemble ou une catégorie du public ;
- 25° site internet ou site web:** un moyen d'expression constitué d'un ensemble de pages web hyper-liées entre elles et accessible à une adresse internet portant un nom qui l'identifie, la relie à son propriétaire et la distingue des autres adresses ;
- 26° technicien de l'information:** toute personne qui apporte un appui technique intervenant dans la collecte, le traitement et la diffusion d'informations ou dans la production d'émissions audiovisuelles ;
- 27° télédiffusion:** tout service de communication au public par voie électronique destiné à être reçu simultanément par l'ensemble du public ou par une catégorie de public et dont le programme principal est composé d'une suite ordonnée d'émissions comportant des images et des sons.
- 22° ukumenyekanisha:** uburyo bwose bwo gushikiriza ibimenyeshwa abantu benshi bigirwa kw'izina ry'uwabisavye akaba ari we ariha ibimenyeshamakuru kugira bishire mu biganiri vyavyo ubutumwa bwo kurata ikintu mu bihe bitandukanye vy'ugushikiriza amakuru kugira bimenywe na benshi biciye mu bimenyeshamakuru vyatowe ;
- 23° insamirizi yigisha abenegihugu:** insamirizi y'abikorera utwabo idaharanira inyungu z'amafaranga yigisha abenegihugu bo mu karere irimwo, igatunganywa n'abo benegihugu nyene biciye ku rwego bishingiye canke ku rwego rw'ugutangaza ibiganiri rutegura kandi rugashikiriza, mu karere k'igihugu gato, ibiganiri bihimiriza abenegihugu baba mu karere kanaka k'igihugu kwijukira no kugira uruhara mw'iterambere ry'akarere babamwo ;
- 24° ugusamiriza:** igikorwa cose canke uburyo bwose bwo gushikiriza ibiganiri bugizwe n'urukurikirane rw'ibiganiri bitonze bigizwe n'amajwi arungikwa biciye ku cuma cakira ayo majwi, vyumvirizwa n'abakurikirana bose ibica muri iyo nsamirizi canke umugwi w'abantu mu mwanya biba biriko biraremehwa ;
- 25° urubuga ngurukanabumenyi:** ubuhinga bukoreshwa mu gushikiriza ivyiyumviro bugizwe n'impapuro ngurukanabumenyi nyinshi bifatanganye, umuntu agashobora gushikira urubuga ngurukanabumenyi ruriko izina rituma rumenyekana, rutuma nyenerwo ashobora kurukoresha akarutandukanya n'izindi mbuga ;
- 26° uwufasha mu vy'ubuhinga mu gutegura amakuru:** umuntu wese afise ico aterera mu bijanye n'ubuhinga bifasha mu gutorokanya, gutegura no mu gushikiriza amakuru canke mu gutegura ibiganiri vyumvirizwa vyerekana amasanamu ;
- 27° ugushikiriza ibiganiri biciye ku mboneshakure:** igikorwa cose c'ugushikiriza ibiganiri abantu bose canke umugwi wabo biciye mu buhinga ngurukanabumenyi bikabashikira muri uwo mwanya nyene biba biriko birashikirizwa kandi urutonde nyamukuru rw'ibishikirizwa rukaba rugizwe n'urukurikirane rw'ibiganiri bitonze bigizwe n'amasanamu hamwe n'amajwi.

## Section 2 : De l'objet et du champ d'application

### Article 2 :

La présente loi régit l'exercice de la liberté de presse sur tout le territoire national.

### Article 3 :

La présente loi s'applique aux personnes physiques et morales qui mettent à la disposition du public des contenus médiatiques sur le territoire de la République du Burundi, sans préjudice de l'application des règles relatives à l'occupation du domaine public.

Sont inclus dans le champ d'application, tous les supports de communication que peut utiliser une entreprise, une institution, une association ou une collectivité pour faire passer son message à travers les médias ainsi que d'autres services connexes tels le cinéma et la publicité.

### Article 4 :

La présente loi ne s'applique pas :

1. aux publications ou aux diffusions ayant pour objet principal la recherche scientifique ou servant à des fins commerciales ou industrielles ;
2. aux ouvrages publiés par livraison ou aux mises à jour des ouvrages déjà parus contenant des communications purement officielles ;
3. aux feuilles d'annonce, aux catalogues et aux prospectus.

### Article 5 :

Toute personne physique ou morale possédant un organe de presse exerçant ses activités au Burundi et qui prend les décisions relatives à son exploitation étant en dehors du territoire national est tenue de se conformer aux dispositions de la présente loi.

## Agace ka 2 : Ivyerekeye intumbero y'iri bwirizwa n'ico ryerekeye

### Ingingo ya 2 :

Iri bwirizwa rigenga ibijanye no gukoresha ubwigenge bwo kumenyeshya amakuru mu Burundi.

### Ingingo ya 3 :

Iri bwirizwa rikurikizwa ku bantu no ku mashirahamwe bashikiriza abanyagihugu amakuru acishwa mu bimenyeshamakuru bikorera ku gataka k'Uburundi hatirengagijwe ko hashobora gukurikizwa amategeko ajanye no gukoresha amatongo ya Reta.

Ibindi iri bwirizwa ryerekeye ni ibifasha kumenyekanisha amakuru bishobora gukoreshwa n'ikigo, urwego, ishira hamwe canke urwego rw'intwari mu ntumbero yo gucisha ubutumwa bishikiriza bucishije mu bimenyeshamakuru hamwe n'ibindi bikorwa bijanye, nk'ireresi n'ivyerekeye ukumenyekanisha.

### Ingingo ya 4 :

Iri bwirizwa ntinkurikizwa kuri ibi bikurikira :

1. ku bitangazwa canke ibishirwa ahabona bifise intumbero nyamukuru yo kugira ubushakashatsi mu vy'ubuhinga canke bifasha mu vyerekeye ubudandaji canke amahunguro ;
2. ku bimenyeshwa bishikirizwa abo bigenewe bibasanga aho bari canke ibishirwa ku gihe vyari vyaramaze gusohorwa birimwo gusa ivyo ubutegetsi bumenyeshya abenegihugu ;
3. amatangazo, ibitabu vy'itororokanirizo ry'ibimenyeshwa n'udutabu tumenyekanisha ibirangurwa n'ibimenyeshamakuru.

### Ingingo ya 5 :

Umuntu wese canke ishira hamwe iryo ari ryo ryose afise ikimenyeshamakuru arangurira imirimo yiwe mu Burundi kandi akaba afata ingingo zijanye no gukoresha ico kimenyeshamakuru atari ku gataka k'Uburundi ategerezwa kwisunga ibitegekanijwe n'iri bwirizwa.

**CHAPITRE II : DE L'EXERCICE DE LA PROFESSION DE JOURNALISTE, DE TECHNICIEN DE L'INFORMATION, DES PERSONNES ASSIMILEES OU AUXILIAIRES AUX PROFESSIONNELS DE L'INFORMATION**

**Article 6 :**

La liberté de diffusion, d'impression, d'édition et de distribution des contenus médiatiques est garantie et exercée conformément aux dispositions légales et à la déontologie de la profession.

**Section 1 : Du statut professionnel**

**Article 7 :**

Au sens de la présente loi, est journaliste professionnel toute personne titulaire d'un diplôme de niveau baccalauréat au moins délivré par une école ou un institut de formation en journalisme légalement reconnu, justifiant d'une expérience pratique d'au moins six (6) mois dans le secteur des médias, et dont l'activité principale consiste à collecter, traiter et transmettre les nouvelles, informations et opinions du public.

Peut également prétendre à ce statut de journaliste professionnel, toute personne titulaire d'un tout autre diplôme de niveau baccalauréat au moins couplé d'un stage de formation certifié dans un organe de presse ou pouvant justifier qu'elle a exercé le métier d'une manière permanente et pendant deux années consécutives au moins dans une agence ou organe de presse écrite, audiovisuelle, électronique ou tout quelconque métier assimilé.

A ce titre, le journaliste professionnel doit :

1. avoir pour occupation principale régulière et rétribuée, la recherche, la collecte, la sélection, l'adaptation, l'exploitation et la présentation des informations ;
2. exercer l'activité dans un organe de presse écrite, parlée, filmée ou numérique, quotidien ou périodique.

La présente disposition ne s'applique pas aux journalistes exerçant la profession et reconnus par le Conseil National de la Communication à la date de la promulgation de la présente loi.

**IGICE CA II : IVYEREKEYE IRANGURWA RY'UMWUGA WO KUMENYESHA AMAKURU, UWO GUFASHA MU VY'UBUHINGA BWO GUTEGURA AMAKURU N'UWO ABAFATWA NK'ABAKORA UMWUGA WO KUMENYESHA AMAKURU**

**Ingingo ya 6 :**

Uwigenge bwo gushikiriza amakuru, ukuyasohora, ukuyatangaza n'ubwo kuyashikiriza burubahirizwa kandi bukoresha hisunzwe ibitegekanijwe n'amategeko hamwe n'akarangamutima k'umwuga.

**Agace ka 1 : Ivyerekeye amategeko agenga Umwuga**

**Ingingo ya 7 :**

Mu nsiguro y'iri bwirizwa, umumenyeshamakuru yabigize umwuga ni uwo wese afise n'imiburiburi urupapuro rw'umutsindo rwa bakaroreya rwatanzwe n'ishure canke ikigo cemewe n'amategeko gifise uburenganzira bwo kuramura abamenyeshamakuru akaba kandi afise uburambe muri ico gisata c'ibimenyeshamakuru n'imiburiburi bw'amezi atandatu (6), igikorwa nyamukuru kikaba ico kumenyesha no gushikiriza inkuru nshasha, amakuru n'ivyiyumviro vy'abantu.

Ashobora kandi kugira uburenganzira bwo kwitwa umumenyeshamakuru yabigize umwuga, uwo wese afise urupapuro rw'umutsindo rwa bakaroreya no mu bindi bisata ariko rukaba ruri kumwe n'urupapuro rwemeza ko yimenyereje mw'ishirahamwe ryo kumenyesha amakuru canke rushobora kwemeza ko yakoze uwo mwuga adahagaritse mu kiringo n'imiburiburi c'imyaka ibiri ikurikirana mu vyo kwandika amakuru, mu vyo gusohora amajwi no kwerekana amasanamu, mu vy' ubuhinga bwa none canke umwuga uwariwo wose ufatwa nka wo."

Kubera ivyo, umumenyeshamakuru yabigize umwuga ategerezwa :

1. kuba afise umurimo nyamukuru yama arangura akanawuhemberwa wo kurondera amakuru, ukuyatororokanya, ukuyasobanura, ukuyaroranisha n'ibihe, ukuyaryohora no kuyashikiriza ;
2. gukorera umurimo wiwe mu kimenyeshamakuru candika, insamirizi, imboneshakure canke ico mu buhinga ngurukanabumenyi caba igisohora amakuru ku musi ku musi canke ku gihe kanaka.

Iyi ngingo ntukurikizwa ku bamenyeshamakuru bakora umwuga bamaze kwemezwa n'Inama nkuru y'igihugu ijewe ivyerekeye ukumenyesha amakuru imbere y'igenekerezo iri bwirizwa ritangarijweko.

**Article 8 :**

Est technicien de l'information, toute personne titulaire d'un diplôme délivré par une école de formation aux métiers de technicien ou d'ingénieur, qui exerce d'une façon régulière et rétribuée dans une ou plusieurs agences ou organes de presse, quel que soit son statut juridique, et en tire l'essentiel de ses ressources.

**Article 9 :**

Sont considérés comme assimilés ou auxiliaires aux professionnels de l'information, les collaborateurs qui participent directement et d'une façon permanente à la réalisation des divers programmes des organes de presse tels que la rédaction et les services techniques, à l'exclusion des agents de publicité et de tous ceux qui n'apportent qu'une collaboration occasionnelle quelle qu'en soit la forme.

Sont également considérés comme assimilés ou auxiliaires aux professionnels de l'information :

1. les personnels travaillant de façon permanente à la production des contenus médiatiques dans un média communautaire ;
2. les propriétaires et les animateurs de blogs déclarés conformément aux dispositions de l'article 10 de la présente loi.

**Article 10 :**

Une liste des professionnels agréés et des praticiens assimilés ou auxiliaires, selon la classification déterminée par le Conseil National de la Communication, est régulièrement mise à jour et transmise chaque trimestre au ministre en charge des médias.

**Article 11 :**

Tout journaliste ou technicien d'information ainsi que toute autre personne exerçant un des métiers associés à la profession, en vertu des dispositions de la présente loi, est tenue de se faire inscrire au registre national des médias ouvert au siège du Conseil National de la Communication.

**Ingingo ya 8 :**

Uwufasha mu vy'ubuhinga mu gutegura amakuru ni umuntu wese afise urupapuro rw'umutsindo rwatanzwe n'ishure ryigisha imyuga y'ubuhinga canke y'umwenjeniyeri, akora umwuga wiwe wa misi yose agahembwa n'ikimemenyeshamakuru kimwe canke vyinshi hatarabwe ingene afatwa imbere y'amategeko akaba ari na ho ahanini akura uburyo.

**Ingingo ya 9 :**

Abafatwa nk'abakora umwuga wo kumenyeshamakuru canke abafasha abamenyeshamakuru, abakorana na bo bagira uruhara bo nyene ubwabo n'imisi yose mw'itegurwa ry'ibiganiro bishikirizwa n'ibimenyeshamakuru nko kwandika ibiganiro n'ibikorwa bisaba ubuhinga, havuyemwo abakozi bakora ibiganiro vy'uguhayanisha ibidandazwa n'ibindi hamwe n'abaterera rimwerimwe mu buryo ubwo ari bwo bwose.

Abandi bafatwa nk'abakora umwuga wo kumenyeshamakuru canke abafasha abamenyeshamakuru ni aba :

1. abakozi bamaho bategura ibiganiro mu kimenyeshamakuru cigisha abenegihugu ;
2. abafise imbuga z'uguhanahanirako ivyiyumviro canke abaremasha ibiganiro kuri izo mbuga bemejwe hisunzwe ibitegekanijwe mu ingingo ya 10 y'iri bwirizwa.

**Ingingo ya 10 :**

Urutonde rw'abamenyeshamakuru babigize umwuga bemewe n'amategeko hamwe n'abafatwa nka bo canke ababafasha, hisunzwe urutonde rwatomowe n'Inama nkuru y'igihugu ijewe ivyerekeye ukumenyeshamakuru, ruja rurashirwa ku gihe rukarungikirwa uko amezi atatu atatu arangiye umushikiranganji ajejwe ibimenyeshamakuru.

**Ingingo ya 11 :**

Umumenyeshamakuru wese canke uwufasha mu vy'ubuhinga mu gutegura amakuru hamwe n'uwundi muntu wese akora umwe mu myuga ifatanye n'uwo kumenyeshamakuru, hisunzwe ingingo z'iri bwirizwa, ategerezwa kwiyandikisha mu gitabu candikwamwo ibimenyeshamakuru bikorera mu gihugu kiri ku cicaro c'Inama nkuru y'igihugu ijewe ivyerekeye ukumenyeshamakuru.



**Article 12 :**

Les responsables des organes de presse agréés doivent s'assurer que tous les membres de leur personnel lié par un contrat de travail à durée déterminée ou indéterminée, le sont en conformité avec la législation du travail et la législation sociale en vigueur.

**Article 13 :**

Les journalistes et les techniciens de l'information employés dans les services de l'Etat et les établissements publics sous tutelle du ministère en charge des médias sont régis, selon le cas, par le Statut Général des Fonctionnaires ou par le Code du travail.

Les professionnels du secteur privé sont régis par le Code du travail.

**Article 14 :**

Une convention collective librement négociée est établie pour régir et encadrer les relations entre les professionnels du métier et les entreprises de presse, publiques et privées, conformément à la législation en vigueur et aux instruments internationaux en la matière ratifiés par la République du Burundi.

**Article 15 :**

Le personnel engagé à titre bénévole notamment dans les radios communautaires est régi par un contrat ou une convention de bénévolat qui garantit ses droits et détermine les responsabilités qui lui sont confiées dans le cadre de son bénévolat au sein de la structure de médias.

**Section 2 : De la carte de presse****Article 16 :**

Il est instauré un système d'identification des praticiens de la profession de journalistes et de techniciens d'information au moyen d'une carte de presse.

Trois sortes de cartes sont délivrées :

1. la carte professionnelle de presse accordée aux détenteurs du statut professionnel de l'information ;

**Ingingo ya 12 :**

Abatwara ibimenyeshamakuru vyemewe n'amategeko bategerezwa kwitwararika ko abakozi babo bakorera ku masezerano y'akazi yaba ayamara ikiringo kizwi canke kitazwi uko kingana hisunzwe amategeko y'akazi hamwe n'ayagenga ivyerekeye ugutegekaniriza kazoza abakozi.

**Ingingo ya 13 :**

Abamenyeshamakuru n'abafasha mu vy'ubuhinga mu gutegura amakuru bakorera mu bisata vya Reta n'amashirahamwe ya Reta akukira ubushikiranganji bujewe ibimenyeshamakuru bagengwa, bivanye n'aho bakora, n'amategeko agenga abakozi ba Reta canke Igitabu c'amategeko agenga akazi.

Abakora mu vyo kumenyesha amakuru bo mu gisata c'abikorera utwabo bagengwa n'Igitabu c'amategeko agenga akazi.

**Ingingo ya 14 :**

Amasezerano abakozi bagiranira n'abakoresha yumvikanyweko agirwa kugira agenge imigenderanire y'akazi iri hagati y'abakora mu vyo kumenyesha amakuru n'ibimenyeshamakuru vya Reta n'ivy'abikorera utwabo, hisunzwe amategeko asanzwe akurikizwa hamwe n'amategeko mpuzamakungu bijanye yemejwe na Reta y'Uburundi.

**Ingingo ya 15 :**

Abakozi bahawe akazi nk'abakorera bushake canecane mu nsamirizi zigisha abenegihugu bagengwa n'amasezerano y'akazi y'abakorera bushake ategukanya ivyo bafitiye uburenganzira akongera agatomora n'ivyo bajewe bijanye n'ako kazi k'ubukorerabushake mu bimenyeshamakuru bakoreramwo.

**Agace ka 2 : Ivyerekeye ikarata y'umumenyeshamakuru****Ingingo ya 16 :**

Harashinzwe uburyo bwo kumenya abakora umwuga wo kumenyesha amakuru n'abafasha mu vy'ubuhinga mu gutegura amakuru biciye mu kubaha ikarata y'umumenyeshamakuru.

Hatangwa amakarata y'ubwoko butatu :

1. ikarata y'umwuga y'umumenyeshamakuru ihabwa abakora mu vyo kumenyesha amakuru ;

2. la carte honoraire de presse délivrée aux praticiens assimilés ou associés et aux anciens du métier qui désirent rester en contact avec la profession ;
3. la carte passager délivrée aux pigistes, stagiaires, volontaires et bénévoles œuvrant dans le secteur.

**Article 17 :**

Tout professionnel du domaine, bénéficiaire d'un contrat et remplissant les conditions prescrites aux articles 7 à 11, doit disposer d'une carte professionnelle délivrée par le Conseil National de la Communication, au plus tard six mois après son engagement sur présentation du contrat de travail.

**Article 18 :**

Est incompatible avec l'exercice de la profession de journaliste ou de technicien d'information, la fonction d'attaché de presse, de porte-parole d'une institution, de chargé des relations publiques, d'agent de publicité ou de communication et de toute autre personne qui n'apporte aux médias à titre quelconque qu'une collaboration occasionnelle.

Les praticiens visés à l'alinéa 1 ne sont pas éligibles à l'obtention d'une carte professionnelle de presse. Ils ont droit à une carte passager.

**Section 3 : De l'accréditation**

**Article 19 :**

Les correspondants de presse et les envoyés spéciaux des organes de presse étrangère ou ressortissant de la Communauté Est-Africaine voulant exercer leurs activités au Burundi, quel que soit leur statut, exercent après l'obtention préalable d'une accréditation selon la réglementation en vigueur.

**Article 20 :**

Tout journaliste étranger ou ressortissant de la Communauté Est-Africaine qui souhaite couvrir une ou plusieurs activités sur le territoire national du Burundi doit se faire accréditer auprès du Conseil National de la Communication, sur présentation des pièces constituant des preuves professionnelles et administratives nécessaires à cette fin.

2. ikarata y'icubahiro ihabwa abafatwa nk'abakora umwuga wo kumenyesha amakuru canke abakorana na bo n'abahoze bakora uwo mwuga bipfuzza kugumana imigenderanire muri uwo mwuga ;
3. ikarata murekarengane ihabwa abamenyeshamakuru bisumamwo, abimenyereza akazi, abakutsakivi, n'abakorera bakorera muri ico gisata.

**Ingingo ya 17 :**

Uwukora mu vyo kumenyesha amakuru wese agize amasezerano akaba akwiye ibisabwa bitegekanywe mu ngingo ziva ku ya 7 gushika ku ya 11, ategerezwa kugira ikarata y'umumenyeshamakuru itangwa n'Inama nkuru y'igihugu ijewe ivyerekeye ukumenyesha amakuru, hatarenze amezi atandatu kuva yinjijye mu kazi, yerekanye amasezerano y'akazi.

**Ingingo ya 18 :**

Amabanga y'umwuga w'umumenyeshamakuru canke ay'uwufasha mu vy'ubuhinga mu gutegura amakuru ntabangikana n'ay'uwujwe gutanga amakuru, ay'abavugizi b'ibisata, uwujwe imigerandereye y'ishirahamwe n'abandi, uwujwe kumenyekanisha ibintu canke ay'uwujwe kumenyesha amakuru n'ay'uwundi muntu wese, ico ari cose, akorana n'ibimenyeshamakuru rimwe na rimwe.

Abavugwa mu gahimba ka 1 ntibarekuriwe kuronswa ikarata y'umumenyeshamakuru. Bafise uburenganzira bwo kuronswa ikarata murekarengane.

**Agace ka 3 : Ivyerekeye ukwemererwa gukorera mu gihugu**

**Ingingo ya 19 :**

Abakorera ibimenyeshamakuru n'intumwa zidasanzwe z'ibimenyeshamakuru baturuka mu bindi bihugu canke mu gihugu kiri mu bigize Umuryango w'akarere ka Afirika y'Ubuseruko bashakira kurangurira ibikorwa mu Burundi, uko amategeko abagenga aba ameze kwose, bakora babanje kwemererwa bivanye n'amategeko asanzwe akurikizwa.

**Ingingo ya 20 :**

Umumenyeshamakuru wese w'umunyamahanga canke aturuka mu gihugu kiri mu bigize Umuryango w'akarere ka Afirika y'Ubuseruko yipfuzza gukurikirana igikorwa kimwe canke vyinshi mu Burundi ategerezwa gusaba kwemererwa n'Inama nkuru y'igihugu ijewe ivyerekeye ukumenyesha amakuru, yerekanye inzandiko zemeza ko akora umwuga wo kumenyesha amakuru n'izitangwa n'ubutegetsi zikenewe kuri ico gikorwa.

Ces pièces sont :

- 1° le passeport ou le titre de voyage tenant lieu de passeport ainsi que le visa de séjour, sauf s'il en est exempté ;
- 2° la carte professionnelle ou l'attestation de service ;
- 3° l'ordre de mission spécifiant l'objet et la durée de la mission ;
- 4° deux photos format passeport ;
- 5° la preuve du paiement au Trésor public des frais du dossier dont le montant est fixé par ordonnance conjointe des ministres ayant respectivement les médias et les finances dans leurs attributions.

#### Article 21 :

Le Conseil National de la Communication se réserve le droit de refuser ou de retirer l'accréditation aux journalistes étrangers ou ressortissant de la Communauté Est-Africaine en cas d'abus des facilités accordées.

Le refus ou le retrait de l'accréditation doit être dûment motivé.

L'intéressé peut introduire un recours contre la décision de refus ou de retrait auprès des juridictions burundaises compétentes.

### CHAPITRE III : DES MODALITES DE CREATION DES MEDIAS

#### Section 1: Du directeur de publication

#### Article 22 :

Tout organe de presse doit avoir un directeur de publication, âgé d'au moins dix-huit ans (18) domicilié au Burundi et jouissant de ses droits civiques.

Le directeur doit avoir trois (3) ans d'expérience professionnelle.

Izo nzandiko ni izi :

- 1° igitabu c'inzira canke urupapuro rw'inzira rufatwa nka co hamwe n'uruhusha rwo kuba mu Burundi, kiretse iyo arekuriwe kuhaba ata rwo afise ;
- 2° ikarata y'umumenyeshamakuru canke urwandiko rw'akazi ;
- 3° urwandiko rumuha uburenganzira bwo kurangurira umurimo mu Burundi rutomora uwo ari wo n'ikiringo ruzomara ;
- 4° amafoto abiri magufi ;
- 5° icemeza ko yarishe mu Kigega c'igihugu amafaranga y'idosiye igitigiri cayo kigashingwa n'itegeko rusangi rishirwako umukono n'Umushikiranganji ajejwe ibimenyeshamakuru hamwe n'Umushikiranganji ajejwe ikigega ca Reta.

#### Ingingo ya 21 :

Inama nkuru y'igihugu ijewe ivyerekeye ukumenyeshama amakuru irafise uburenganzira bwo kwima canke kwaka abamenyeshamakuru b'abanyamahanga canke abaturuka mu gihugu kiri mu bigize Umuryango w'akarere ka Afirika y'ubuseruko uruhusha rwo gukora mu gihe barengeje urugero mu vyo boroherezamwo.

Mu gihe umumenyeshamakuru adahawe uruhusha rwo gukora canke arwatswe bitegerezwa gutangirwa imvo uko bitegerejwe.

Uwo vyerekeye arashobora kwitwarira ingingo imwima uruhusha rwo gukora canke irumwaka muri sentare z'Uburundi zibifitiye ububasha.

### IGICE CA III : IVYEREKEYE IBIKURIKIZWA MU GUSHINGA IBIMENYESHAMAKURU

Agace ka 1 : Ivyerekeye umuyobozi w'ikimenyeshamakuru

#### Ingingo ya 22 :

Ikimenyeshamakuru cose gitegerezwa kuba gifise umuyobozi afise n'imiburiburi imyaka cumi n'umunani (18) y'amavuko, aba mu Burundi kandi afise amateka y'ubwengehugu.

Umuyobozi ategerezwa kuba yarakoze imyaka itatu muri ako kazi.

**Article 23 :**

Toute personne jouissant d'une immunité ne peut être directeur de publication.

Si le directeur de publication vient à bénéficier d'une immunité, l'organe de presse doit nommer un directeur de publication qui remplit les conditions.

La nomination doit intervenir dans le délai d'un mois à compter de la date à partir de laquelle le directeur de publication bénéficie de l'immunité.

A défaut de la nomination dans le délai prescrit, il est procédé à la suspension de l'organe de presse.

**Section 2 : De la presse écrite****Article 24 :**

Avant la publication du premier numéro de tout journal, écrit périodique, il est fait au Conseil National de la Communication et au parquet de la République dans le ressort duquel se trouve le siège dudit organe de presse, une déclaration de la publication en double exemplaire et contenant:

1. le titre du journal, écrit périodique et sa périodicité ;
2. le nom, le prénom, la nationalité et l'adresse complète du directeur de publication ;
3. l'extrait du casier judiciaire du directeur de publication ;
4. l'adresse complète du siège de la publication ;
5. la dénomination et l'adresse complète de l'imprimeur ;
6. la langue dans laquelle le journal ou l'écrit périodique est rédigé ;
7. un exemplaire des statuts de la société ou de l'association préalablement notariés si le journal, l'écrit périodique est publié par une société ou une association.

La déclaration est faite par écrit et signée par le directeur de publication ou par le représentant légal de l'organe de presse. Il en est donné récépissé.

Tout changement apporté aux indications énumérées au présent article ne peut avoir lieu qu'après une note écrite avec accusé de réception au Conseil National de la Communication, cinq jours avant le changement.

**Ingingo ya 23 :**

Umuntu afise ubudahangarwa ntashobora kuba umuyobozi w'ikimenyeshamakuru.

Iyo umuyobozi w'ikimenyeshamakuru aronse ubudahangarwa, ikimenyeshamakuru gitegerezwa guca kigena uwundi muyobozi akwije ibisabwa.

Umuyobozi mushasha ategerezwa kugenwa mu kiringo c'ukwezi kumwe giharurwa kuva kw'igenekerezo umuyobozi w'ikimenyeshamakuru yaronkeyeko ubudahangarwa.

Mu gihe umuyobozi atagenywe mu kiringo gitegekaniywe, ikimenyeshamakuru gica gihagarikwa vy'agateganyo.

**Agace ka 2 : Ivyerekeye ibimenyeshamakuru vyandika****Ingingo ya 24 :**

Imbere y'ugutangaza inomeru ya mbere y'ikinyamakuru candidse gisohoka ku kiringo kanaka, haratangwa mu Nama nkuru y'igihugu ijewe ivyerekeye ukumenyeshama amakuru no muri parake ya Repuburika yo mu karere karimwo icicaro c'ico kimenyeshamakuru, urwandiko rumenyeshako hari inomeru casohoye ruri mw'ikopi zimvaho zibiri zirimwo ibi :

- 1° izina ry'ico kinyamakuru candidse gisohoka ku kiringo kanaka n'ikiringo kija kirasohokerako ;
- 2° izina, iritazirano, ubwenegehugu vy'umuyobozi w'ikimenyeshamakuru n'aho abarizwa ;
- 3° iyimuriro y'ifishi y'ivyaha umuyobozi w'ikimenyeshamakuru yahaniwe ;
- 4° aho icicaro c'ikimenyeshamakuru kibarizwa ;
- 5° izina ry'uwusohora ikinyamakuru n'aho abarizwa ;
- 6° ururimi ikinyamakuru candidse gisohoka ku kiringo kanaka candidswemwo ;
- 7° ikopi y'imvaho y'amategeko ngenderwako y'ishirahamwe yabanje kwemezwa n'umushingwanzandiko igihe ikinyamakuru gisohoka ku kiringo kanaka gitangajwe n'ishirahamwe ;

Bimenyeshwa biciye mu rwandiko rushirwako umukono n'umuyobozi canke uwuserukira imbere y'amategeko ikimenyeshamakuru. Biratangirwa icemeza ko vyakiriwe.

Nta kintu na kimwe gishobora guhindurwa mu vyadondanguwe muri iyi ngingo hatabanje kugirwa urwandiko rutangirwa icemeza ko rwakiriwe rushikirizwa Inama nkuru y'igihugu ijewe ivyerekeye ukumenyeshama amakuru, imisi itanu imbere yuko hagira igihindurwa.

**Article 25 :**

Le titre d'un journal, d'un écrit périodique est libre et ne peut donner lieu à contestation que s'il est de nature à créer une confusion avec le titre d'un autre organe déjà existant.

Les titres qui ne sont pas utilisés depuis six mois retombent dans le domaine public, sauf en cas de force majeure avisé au Conseil National de la Communication.

**Article 26 :**

Le dépôt légal et le dépôt administratif d'un exemplaire signé par le directeur de publication ou son délégué sont respectivement effectués au service des archives nationales et au Conseil National de la Communication.

Le dépôt est effectué simultanément avec la mise en distribution pour toute publication.

**Article 27 :**

Les exemplaires déposés doivent être conformes aux exemplaires courants imprimés, fabriqués, mis en vente, en location ou en distribution.

**Article 28 :**

Sous quelque forme qu'elle soit exploitée, toute publication périodique doit faire connaître au public les noms et qualités de ceux qui en ont la direction.

Les auteurs qui utilisent un pseudonyme sont tenus d'indiquer par écrit, avant insertion de leurs articles, leur véritable nom au directeur de publication.

En cas de poursuites contre l'auteur d'un article non signé ou signé d'un pseudonyme, le directeur de publication est relevé du secret professionnel à la demande du Procureur de la République auquel il doit fournir la véritable identité de l'auteur, faute de quoi, le directeur de publication est poursuivi en lieu et place de ce dernier, sans préjudice d'autres responsabilités éventuelles.

**Article 29 :**

Chaque numéro de journal ou écrit périodique doit indiquer le nombre d'exemplaires tirés, arrêter le tarif de ses publicités et publier ses détails conformément à son cahier des charges. La publicité ne peut pas dépasser 30% du contenu du numéro.

**Ingingo ya 25 :**

Izina ry'ikinyamakuru canditse gisohoka ku kiringo kanaka ritorwa mu bwigenge kandi rishobora kutemerwa gusa iyo rishobora kwitiranywa n'irindi ry'ikinyamakuru kihananzwe.

Amazina y'ibinyamakuru amaze amezi atandatu adakoresheya aca aja mu matungo ya Reta, kiretse iyo habaye intambanyi ntasimbwa zamenyeshejwe Inama nkuru y'igihugu ijewe ivyerekeye ukumenyeshya amakuru.

**Ingingo ya 26 :**

Harashikirizwa mu gisata c'ububiko bukuru bw'inzandiko za kera no mu Nama nkuru y'igihugu ijewe ivyerekeye ukumenyeshya amakuru ikopi y'ikinyamakuru ishirwako umukono n'umuyobozi w'ikimenyeshamakuru canke intumwa yiwe.

Ugushikiriza ikopi y'ikinyamakuru bigirirwa rimwe n'ugutanga ikinyamakuru cose gisohotse.

**Ingingo ya 27 :**

Ikopi z'imvaho z'ikinyamakuru zashikirijwe zitegerezwa kuba zisa n'izasohowe, izakozwe, izagurishijwe, izakoteshejwe canke izatanzwe.

**Ingingo ya 28 :**

Uko kiba gisohotse kimeze kwose, ikinyamakuru cose gisohoka ku kiringo kanaka gitegerezwa kumenyeshya abagisoma amazina y'abakirongoye n'ico bajewe.

Abanditsi b'inkuru bakoresheya amazina yo kwiyoberanya bategerezwa kumenyeshya umuyobozi w'ikinyamakuru, biciye mu rwandiko, amazina yabo y'ukuri, imbere y'ugushira mu kinyamakuru inkuru zabo.

Mu gihe bibaye ngombwa ko uwanditse inkuru itariko izina canke iriko izina ryo kwiyoberanya akurikiranwa, umuyobozi w'ikinyamakuru abitegetswe n'umushikirizamanza wa Repuburika arashira ahabona amabanga y'akazi kandi agategerezwa gutanga umwidondoro w'uwanditse iyo nkuru, bitagenze uko, uwo muyobozi ni we aca akurikiranwa mu kibanza ciwe hatirengagijwe n'ibindi ashobora kubazwa.

**Ingingo ya 29 :**

Inomero imwimwe yose y'ikinyamakuru itegerezwa kwerekana igitigiri c'ibinyamakuru vyasohotse, gushinga ibiciro vy'ivyo kimenyekanisha no gutangaza ido n'ido ryavyo hisunzwe ivyo kirangura. Iyo kimenyekanisha ntibishobora kurenza ibice 30% vy'ibiri muri iyo nomero.





Il est interdit de pratiquer un tarif différent de celui qui a été publié. Tout article de publicité rédactionnelle doit être précédé de l'indication " publicité".

#### Article 30 :

Aucun journal ou écrit périodique non national ne peut être créé, publié ou imprimé sans qu'une autorisation ne soit au préalable accordée par le Conseil National de la Communication sur demande écrite et introduite dans les formes prévues aux articles 24 à 29.

L'autorisation est réputée caduque si la parution du journal ou de l'écrit périodique n'intervient pas dans les six mois qui suivent l'obtention de l'autorisation ou si sa publication est interrompue pendant six mois.

### Section 3 : Des médias en ligne

#### Article 31 :

A leur création, les médias en ligne doivent être déclarés au Conseil National de la Communication et au Parquet de la République dans le ressort duquel se trouve le siège dudit organe de presse. Le Conseil National de la Communication est tenu de délivrer un récépissé de déclaration dans les quinze jours suivant le dépôt du dossier.

A défaut d'un récépissé dans le délai ci-dessus, la mise en ligne peut avoir lieu.

La déclaration doit indiquer :

1. l'objet de la publication ;
2. la langue de la publication ;
3. le titre de la publication ;
4. le nom, prénom et domicile du directeur de la publication ;
5. l'adresse complète du siège de la publication.

Toute modification apportée aux indications mentionnées à l'alinéa précédent doit être déclarée dans les cinq jours qui suivent la modification.

Birabujjwe kugurisha ikinyamakuru ku giciro gitandukanye n'icatangajwe. Ku nkuru yose ijanye no kumenyekanisha ikintu hategerezwa gutangura ijamba "ukumenyekanisha".

#### Ingingo ya 30 :

Nta kinyamakuru gishohoka ku musi ku musi canke igishohoka ku kiringo kanaka na kimwe atari ico mu gihugu gishobora gushingwa, gutangazwa canke gusohorwa ata ruhusha rwabanje gutangwa n'Inama nkuru y'igihugu ijewe ivyerekeye ukumenyeshya amakuru biciye mw'ikete ryo kubisaba rishikirizwa mu buryo butegekanijwe mu ngingo ziva ku ya 24 gushika ku ya 29.

Uruhusha rufatwa ko rwataye igihe iyo ikinyamakuru gishohoka ku musi ku musi canke igishohoka ku kiringo kanaka kimaze amezi atandatu akurikira umusi caronkeyeko uruhusha rw'ugukora kitaratangaza canke kimaze amezi atandatu carahagaritse gutangaza.

### Agace ka 3 : Ivyerekeye ibimenyeshamakuru vyo mu buhinga ngurukanabumenyi

#### Ingingo ya 31 :

Mw'ishingwa ryavyo, ibimenyeshamakuru vyo mu buhinga ngurukanabumenyi bitegerezwa kumenyeshwa Inama nkuru y'igihugu ijewe ivyerekeye ukumenyeshya amakuru na Parake ya Repuburika yo mu karere ico kimenyeshamakuru gifisemwo icicar. Inama nkuru y'igihugu ijewe ivyerekeye ukumenyeshya amakuru itegerezwa gutanga icemeza ko urwandiko rubimenyeshya rwakiriwe mu misi icumi n'itanu kuva hashikirijwe idosiye.

Mu gihe ata cemeza ko urwandiko rubimenyeshya rwakiriwe catanzwe muri ico kiringo gihejeje kuvugwa, birashobora gushirwa ku rubuga ngurukanabumenyi.

Urwandiko rwo kubimenyeshya rutegerezwa kuba rurimwo :

- 1° intumbero y'ikimenyeshamakuru ;
- 2° ururimi candikamwo ;
- 3° izina ry'ikimenyeshamakuru ;
- 4° izina ry'umuyobozi w'ikimenyeshamakuru, iritazirano ryiwe n'aho aba ;
- 5° aho icicar c'ikimenyeshamakuru kiri.

Ico cose gihinduwe mu biri mu gahimba gahejeje kuvugwa bitegerezwa kumenyeshwa mu misi itanu ikurikira umusi vyahinduriweko.

**Article 32 :**

Tout média en ligne qui cesse de publier pendant quatre-vingt-dix jours continus doit faire l'objet d'une nouvelle déclaration pour publier de nouveau.

**Article 33 :**

Tout journal en ligne est tenu, dès sa création, de se doter d'une équipe rédactionnelle comportant au moins deux journalistes professionnels.

**Article 34 :**

Tout média en ligne peut, sous la responsabilité du directeur de publication, recevoir et publier des contributions extérieures ou ouvrir son contenu aux réactions du public.

**Article 35 :**

Les prestataires de la presse en ligne sont tenus de détenir et de conserver les données de nature à permettre l'identification de toute personne ayant contribué à la création d'un contenu des services dont ils sont prestataires.

**Section 4 : De la presse audiovisuelle****Article 36 :**

L'installation et l'exploitation des stations de radiodiffusion et télédiffusion par voie hertzienne terrestre ou satellitaire, des sociétés terriennes de télédiffusion, des équipements de réception et d'émission de sons ou d'images par satellite, câbles ou relayés par tout autre moyen technique, même à titre expérimental, à usage privé ou public, doivent faire l'objet d'une autorisation préalable du Conseil National de la Communication.

**Article 37 :**

Dans les conditions définies par la présente loi et celles déterminées par voie réglementaire pour leur application, toute personne physique ou morale de droit burundais, de droit de l'un des pays de la Communauté Est-Africaine ou de droit étranger peut postuler et être autorisée à :

1. créer, installer et exploiter un service privé de radio et de télédiffusion ;

**Ingingo ya 32 :**

Ikimenyeshamakuru cose co mu buhinga ngurukanabumenyi gihagaritse gusohora amakuru mu kiringo c'imisi mirongo icenda ikurikirana gitegerezwa kubanza gusubira kubimenyeshasha gushasha kugira gisubire gusohora amakuru.

**Ingingo ya 33 :**

Ikimenyeshamakuru cose co mu buhinga ngurukanabumenyi gitegerezwa, kuva kigishingwa, gushiraho umugwi w'abajejwe kwandika amakuru harimwo n'imiburiburi abamenyeshamakuru babiri babigize umwuga.

**Ingingo ya 34 :**

Ikimenyeshamakuru cose co mu buhinga ngurukanabumenyi kirashobora, gihagarariwe n'umuyobozi waco, kwakira no gushira ahabona intererano z'ivyiyumviro vyavuye hanze no guha uburenganzira uwo wese avyipfuzza bwo kugira ico abivuzeko.

**Ingingo ya 35 :**

Abakora mu kimenyeshamakuru co mu buhinga ngurukanabumenyi bategerezwa kugira no kubika amakuru batororokanije ku buryo bituma hashobora kumenyekana ibiranga umuntu wese yagize uruhara muri ayo makuru bashikirije.

**Agace ka 4 : Ivyerekeye ibimenyeshamakuru bisohora amajwi n'ibisohora amajwi vyerekana n'amasanamu****Ingingo ya 36 :**

Ugushiraho n'ugukoresha insamirizi n'imboneshakure biciye ku ma antene yo kw'isi canke ku bigendajuru, ivyuma bishinze kw'isi birungika amajwi n'amasanamu kure, ibikoresho vyakira bikongera bikarungika amajwi n'amasanamu hakoreshejwe ikigendajuru, intsinga canke hakoreshejwe ubundi buhinga bwose, n'aho hoba ari mu buryo bwo kugerageza ivyuma, vyaba ari ivy'umuntu kanaka canke ivya Reta, bitegerezwa kubanza gutangirwa uruhusha n'Inama nkuru y'igihugu ijewe ivyerekeye ukumenyeshasha amakuru.

**Ingingo ya 37 :**

Hubahirijwe ibitegekanijwe n'iri bwirizwa n'ibindi bishingwa n'amategeko kugira bikurikizwe, umuntu wese canke ishirahamwe ryose rigengwa n'amategeko y'Uburundi, yo mu gihugu kimwe mu bigize Umuryango w'akarere ka Afrika y'Uburundi canke amategeko yo mu kindi gihugu, arashobora gusaba kandi agahabwa uruhusha rwo :

1. gushinga, gushiraho no gukoresha insamirizi n'imboneshakure vy'abikorera utwabo ;

2. distribuer, avec ou sans câble, des émissions radiophoniques ou télévisuelles ;
3. utiliser des fréquences radioélectriques ou d'autres procédés selon la réglementation en vigueur.

**Article 38 :**

L'usage des bandes de fréquences ou de fréquences de service de communication audiovisuelle est subordonné au respect des conditions techniques définies par l'autorité nationale chargée de la gestion du spectre radioélectrique.

L'attribution et la gestion des fréquences se font en concertation avec le Conseil National de la Communication qui s'assure préalablement de la disponibilité du spectre de fréquences avant tout octroi d'autorisation d'exploitation.

Les médias paient en francs Burundi des redevances annuelles d'exploitation des fréquences fixées par ordonnance conjointe des Ministres ayant respectivement les finances et les médias dans leurs attributions.

**Article 39 :**

Le Conseil National de la Communication accorde les autorisations en tenant compte des intérêts ci-après :

1. l'intérêt de chaque projet pour le public ;
2. les impératifs prioritaires que sont la sauvegarde du pluralisme des courants d'expression socioculturelle et la diversification des opérateurs ;
3. l'expérience acquise en journalisme par le responsable proposé pour la direction.

Le Conseil National de la Communication en détermine les critères d'appréciation.

**Article 40 :**

La demande d'autorisation est accompagnée des renseignements suivants :

1. l'identité du propriétaire de l'organe de presse ;
2. les statuts et l'acte constitutif, s'il s'agit d'une société ou d'une association sans but lucratif ou d'une confession religieuse ;
3. la composition du capital ;

2. gutangaza ibiganiro bicishwa ku nsamirizi canke ku mboneshakure hakoreshejwe canke hadakoreshejwe intsinga ;
3. gukoresha imirongo y'ukurungika imishwarara ikoresha mu nsamirizi canke ubundi buryo bukoresha hisunzwe amategeko asanzwe akurikizwa.

**Ingingo ya 38 :**

Imihora y'imirongo canke imirongo y'uguhanahana amakuru asohora amajwi n'ayasohora amajwi yerekana amasanamu ikoresha ari uko hubahirijwe ibisabwa bijanye n'ubuhinga bishingwa n'urwego rw'igihugu rujejwe gutunganya urukurikirane rw'imirongo y'insamirizi.

Imirongo itangwa kandi igatunganywa ari uko Inama nkuru y'igihugu ijejwe ivyerekeye ukumenyeshya amakuru ibanje kugishwa inama na yo ikabanza kuraba imirongo ihari imbere y'ugutanga uruhusha rw'ugukora.

Ibimenyeshamakuru birariha mu mafaranga y'Uburundi amakori yo ku mwaka ajanye n'ugukoresha imirongo yashinzwe n'itegeko rusangi rishirwako umukono n'Umushikiranganji ajejwe ikigega ca Reta hamwe n'Umushikiranganji ajejwe ibimenyeshamakuru.

**Ingingo ya 39:**

Inama nkuru y'igihugu ijejwe ivyerekeye ukumenyeshya amakuru itanga uruhusha ifatiye ku nyungu zikurikira :

1. inyungu umugambi umwumwe wose ufiteye abantu ;
2. ibitegerezwa gushirwa imbere y'ibindi ni ivyerekeye ugushikiriza ivyiyumviro bitandukanye bijanye n'imibano hamwe n'imico n'ukwemerera amashirahamwe atandukanye akora muri ico gisata ;
3. uburambe mu bijanye no kumenyeshya amakuru vy'uwatanzwe kuba umuyobozi w'ikimenyeshamakuru.

Inama nkuru y'igihugu ijejwe ivyerekeye ukumenyeshya amakuru ni yo ishiraho ibifatiwako mu kwemererwa.

**Ingingo ya 40 :**

Ikete ryo gusaba uruhusha rwo kwemererwa gukora riba nirimwo ibi bikurikira :

1. umwidondoro wa nyene ikimenyeshamakuru ;
2. amategeko ngenderwako hamwe n'urwandiko ruyashiraho, igihe ari ishira hamwe ridaharanira inyungu z'amafaranga canke ari ishengero ;
3. ibigize umutahe ;



4. la liste des administrateurs, s'il s'agit d'une société ;
5. les prévisions des dépenses et des recettes ;
6. l'origine et le montant des financements prévus ;
7. la durée et les caractéristiques des programmes ;
8. l'étendue de la couverture envisagée ;
9. la puissance du matériel de diffusion ;
10. le temps consacré à la publicité, aux émissions parrainées ainsi que leurs modalités d'insertion ;
11. l'orientation générale des émissions ;
12. la diffusion des programmes éducatifs ainsi que des émissions sur la protection de l'enfance.

Le Conseil National de la Communication se prononce dans un délai de deux mois suivant la date de réception de la demande. Le refus d'autorisation est susceptible de recours devant la cour administrative.

#### Article 41 :

L'autorisation d'exploitation d'un organe de presse audiovisuelle est accordée pour une durée indéterminée. Elle peut être suspendue temporairement ou retirée définitivement, si l'organe de presse ne se conforme pas aux dispositions de la présente loi ou d'autres lois et règlements.

#### Article 42 :

Une convention portant cahier des charges et des missions est signée entre le Conseil National de la Communication et l'organe de presse autorisé.



4. urutonde rw'abagize Urwego nshingwantwaro, igihe ari ishirahamwe ;
5. amafaranga ategakanywa kuzosohorwa no kwinjizwa ;
6. aho amafaranga ategakanywa kuzokoresheva aha n'igitigiri cayo ;
7. ikirango ibiganiro bizomara n'ibibiranga ;
8. akarere ibiganiro bizokurikiranirwamwo ;
9. ubushobozi ibikoresheho vyo gukwiragiza amakuru bifise ;
10. umwanya wahariwe ukumenyekanisha, ibiganiro bishigikiwe n'ingene vyinjizwa mu rutonde rw'ibishikirizwa ;
11. intumbero y'ibiganiro muri rusangi ;
12. ugushikiriza ibiganiro bijanye n'indero hamwe n'ibijanye n'ugukingira abana.

Inama nkuru y'igihugu ijewe ivyerekeye ukumenyeshya amakuru iragira icyo ibivuzeko mu kiringo c'amezi abiri gikurikira igenekerezo ikete ry'ugusaba kwemererwa gukora ryakirirwako. Mu gihe uwusavye uruhusha ataruhawe, arashobora kwitwara muri sentare ica imanza zerekeye Reta n'ibisata vyayo bimwebimwe.

#### Ingingo ya 41 :

Uruhusha rw'ugukora rw'ikimenyeshamakuru gisohora amajwi n'igisohora amajwi cerekana amasanamu rutangwa kugira rumare ikirango kitazwi aho kizohereza. Rurashobora guhagarikwa ivy'agateganyo canke rukakwa burundu uwaruhawe, icyo ikimenyeshamakuru kitubahirije ibitegekanyijwe muri iri bwirizwa canke mu yandi mategeko.

#### Ingingo ya 42 :

Amasezerano yerekeye ibitegekanywa gukorwa n'imirimu ashirwako umukono n'Inama nkuru y'igihugu ijewe ivyerekeye ukumenyeshya amakuru hamwe n'ikimenyeshamakuru cahawe uruhusha.




**CHAPITRE IV: DE LA DIFFUSION DU CINEMA, DES  
ŒUVRES AUDIOVISUELLES ET DE LA PUBLICITE  
PAR VOIE MEDIATIQUE**

**Section 1: De la diffusion du cinéma et des œuvres  
audiovisuelles**

**Article 43 :**

La diffusion des œuvres cinématographiques et audiovisuelles par voie médiatique se fait dans le strict respect des lois et des règlements en vigueur au Burundi.

**Article 44 :**

Le Conseil National de la Communication exerce par tous les moyens appropriés un contrôle à postériori sur les contenus cinématographiques et audiovisuels diffusés par les médias.

**Article 45 :**

Les modalités de création, de production et de distribution des œuvres cinématographiques et audiovisuelles diffusées autrement que par voie audiovisuelle sont déterminées dans un texte spécifique.

**Section 2 : De la publicité à travers les médias**

**Article 46 :**

La publicité peut être diffusée à travers les médias à condition qu'elle soit exploitée dans le strict respect des lois et des règlements en vigueur.

L'exploitation de la publicité se limite uniquement aux prestations et aux messages publicitaires relatifs aux activités des médias telles que définies dans leurs cahiers de charges.

**Article 47 :**

Le Conseil National de la Communication exerce par tous les moyens appropriés un contrôle à postériori sur le contenu et les modalités de la programmation des messages ou des émissions publicitaires ou à caractère publicitaire diffusés par les médias.

**IGICE CA IV: IVYEREKEYE UKWEREKANA  
AMARERESI, IBIGANIRO VYUMVIKANISHA AMAJWI  
N'IVYUMVIKANISHA AMAJWI VYEREKANA  
AMASANAMU NO KUMENYEKANISHA IBINTU BICIYE  
MU BIMENYESHAMAKURU**

**Agace ka 1: Ivyerekeye ukwerekana amareresi  
n'ibiganiro vyumvikanisha amajwi n'ivyumvikanisha  
amajwi vyerekana amasanamu**

**Ingingo ya 43 :**

Amareresi n'ibiganiro vyumvikanisha amajwi n'ivyumvikanisha amajwi vyerekana amasanamu biciye mu bimenyeshamakuru bishikirizwa hubahirijwe amabwirizwa n'amategeko asanzwe akurikizwa mu Burundi.

**Ingingo ya 44 :**

Inama nkuru y'igihugu ijewe ivyerekeye ukumenyeshama amakuru irasuzuma ikoresheje uburyo bwose bubereye ibigize amareresi n'ibiganiro vyumvikanisha amajwi n'ivyumvikanisha amajwi vyerekana n'amasanamu bica mu bimenyeshamakuru vyamaze gushikirizwa ».

**Ingingo ya 45 :**

Ibikorikizwa mu gutegura, ugusohora, ugukwiragiza amareresi, ibiganiro vyumvikanisha amajwi n'ivyumvikanisha amajwi vyerekana n'amasanamu bishikirizwa biciye mu bundi buryo atari ubwumvikanisha amajwi n'ubwumvikanisha amajwi bwerekana n'amasanamu bitomorwa mw'itegeko rivyerekeye.

**Agace ka 2 : Ivyerekeye ukumenyekanisha ibintu  
biciye mu bimenyeshamakuru**

**Ingingo ya 46 :**

Ibimenyeshamakuru bishobora kumenyekanisha ibintu ari uko hubahirijwe amabwirizwa n'amategeko asanzwe akurikizwa.

Hamenyekanishwa gusa ibikorwa n'ubutumwa bwo guhayanisha bijanye n'ibikorwa vy'ibimenyeshamakuru biri mu vyo vyategekanije gukora.

**Ingingo ya 47 :**

Inama nkuru y'igihugu ijewe ivyerekeye ukumenyeshama amakuru irasuzuma ikoresheje uburyo bwose bubereye ibigize ubutumwa canke ibiganiro vy'ukumenyekanisha ibintu n'ibikorikizwa mu gushinga urutonde rw'ubutumwa canke urw'ibiganiro vyamaze gushikirizwa n'ibimenyeshamakuru.

**Article 48 :**

Les quotas et les modalités d'insertion de la publicité dans les médias sont déterminés par les dispositions pertinentes de la présente loi complétées par les règlements du Conseil National de la Communication après consultation des services techniques concernés, des organisations des professionnels des médias et du secteur de la publicité.

**Article 49 :**

Les modalités de réalisation de la publicité, de création et d'installation des agences de communication sont déterminées dans un texte spécifique.

**CHAPITRE V: DES DROITS ET DES OBLIGATIONS****Section 1 : Des droits et des obligations des journalistes****Paragraphe 1 : Les droits du journaliste****Article 50 :**

Les journalistes ont droit à un contrat de travail et aux prestations prévues par la législation sociale.

**Article 51 :**

Le journaliste exerce son métier en toute indépendance et en toute responsabilité sur l'ensemble du territoire du Burundi.

Les correspondants de presse et les envoyés spéciaux des organes de presse étrangère ou de l'un des pays membres de la Communauté est-africaine sont libres de couvrir tous les événements se déroulant au Burundi sous réserve des dispositions relatives à l'accréditation.

**Article 52 :**

Dans l'exercice de son activité, le journaliste a libre accès aux sources d'informations. Il peut enquêter et commenter librement sur les faits de la vie publique.

Toutefois, il est tenu dans l'expression de cette liberté au respect des lois, des droits et des libertés d'autrui.

**Ingingo ya 48 :**

Igitigiri c'ibimenyekanishwa n'ibisabwa mu kubishira mu bimenyeshamakuru bitomorwa n'ingingo zivyerekeye z'iri bwirizwa zunganiwe n'amategeko y'Inama nkuru y'igihugu ijewe ivyerekeye ukumenyeshya amakuru imaze kubija inama n'ibisata vy'ubuhinga vyerekeye, amashirahamwe y'abakora umwuga wo kumenyeshya amakuru n'abo mu gisata co kumenyekanisha ibintu.

**Ingingo ya 49 :**

Ibikurikizwa mu kumenyekanisha ibintu, mu gushinga n'ugushiraho amashirahamwe yo kumenyeshya amakuru bitomorwa mw'itegeko rivyerekeye.

**IGICE CA V: IVYEREKEYE UBURENGANZIRA N'IBITEGEREJWE****Agace ka 1 : Ivyerekeye uburenganzira bw'abamenyeshamakuru n'ivyo bategerejwe****Agahimba ka 1 : Uburenganzira bw'umumenyeshamakuru****Ingingo ya 50 :**

Abamenyeshamakuru bafise uburenganzira bwo kugiriranira amasezerano y'akazi n'umukoresha n'ubwo kuronswa ibirangurirwa abakozi bitegekanijwe n'amategeko yerekeye ugutegekaniriza kazoza abakozi.

**Ingingo ya 51 :**

Umumenyeshamakuru arangura umwuga wiwe mu bwigenge ntangere kandi akaba ari we abazwa ivyo arangura vyose ku gataka kose k'Uburundi.

Abakorera ibimenyeshamakuru n'intumwa zidasanzwe z'ibimenyeshamakuru baturuka mu bindi bihugu canke mu gihugu kiri mu bigize Umuryango w'akarere ka Afirika y'Ubuseruko barishira bakizana mu gukurikirana ibintu vyose bikorerwa mu Burundi hatirengagijwe ibitegekanijwe bijanye no kubemerera gukorera mu gihugu.

**Ingingo ya 52 :**

Ariko ararangura akazi ajejwe, umumenyeshamakuru arafise uburenganzira bwo gushika ahari inkuru hose. Arashobora kugira amatohoza no kugira ico avuze mu mwidegemvyo kuri ivyo vyose bigize ubuzima bw'igihugu.

Ariko, muri uwo mwidegemvyo, ategerezwa kwubahiriza amabwirizwa, uburenganzira bw'abandi no kwishira no kwizana kwabo.

**Article 53 :**

Le journaliste a droit, sur toute l'étendue du territoire national, à la sécurité de sa personne et de son matériel de travail. En dehors des espaces et des objectifs légalement protégés, il ne peut lui être refusé le droit de filmer des événements, de publier et de commenter des informations à caractère public.

**Article 54 :**

Le journaliste a le droit d'invoquer la clause de conscience pour rompre le contrat qui le lie à son organe si l'orientation nouvelle dudit organe est en contradiction avec les termes du contrat, sans préjudice des indemnités justes et équitables dues par l'employeur.

En cas de refus par l'employeur de verser ces indemnités, le journaliste peut saisir le tribunal compétent qui statue sur la requête endéans deux mois.

**Article 55 :**

Le journaliste a le droit de s'affilier à un syndicat ou à une association professionnelle de son choix.

**Article 56 :**

Dans l'exercice de leur métier, les journalistes et les techniciens d'information ont droit à des facilités qui leur sont consenties par l'Etat en vue d'accomplir leur mission.

**Article 57 :**

La protection des sources d'information est reconnue et garantie par la présente loi.

**Paragraphe 2 : Les obligations du journaliste****Article 58 :**

Dans l'exercice de son droit d'informer, le professionnel de l'information est astreint au respect des lois et règlements en vigueur.

Le journaliste ne doit céder à aucune pression tendant à corrompre l'exactitude de l'information.

Il ne doit publier que des informations équilibrées et dont l'origine, la véracité et l'exactitude sont établies et vérifiées.

**Ingingo ya 53 :**

Umumenyeshamakuru afise uburenganzira, ku gataka kose k'Uburundi, bwo gukingirwa we nyene ubwiwe n'ibikoresho vyawe vy'akazi. Ahatari mu bibanza n'ibintu biba bikingiwe n'amategeko, nta wushobora kumubuza gufata amasanamu y'ibiriko biraba, gutangaza inkuru zigenewe bose no kugira ico azivuzeko.

**Ingingo ya 54 :**

Umumenyeshamakuru arafise uburenganzira bwo kwubahirizwa mu karangamutima kugira ahagarike amasezerano y'akazi yagiraniye n'ikimenyeshamakuru iyo intumbero nshasha z'ico kimenyeshamakuru ziteye kubiri n'ibiri mu masezerano, hatirengagijwe ko umukoresha amuha indishi ibereye kandi ikwiye.

Igihe umukoresha atemeye gutanga izo ndishi, umumenyeshamakuru arashobora kwitura sentare ibifitiye ububasha igafata ingingo yerekeye ivyo yasavye mu kiringo c'amezi abiri.

**Ingingo ya 55 :**

Umumenyeshamakuru arafise uburenganzira bwo kuja mw'isendika ashaka canke mw'ishirahamwe riharanira inyungu z'abakozi yitoye.

**Ingingo ya 56 :**

Mu kurangura umwuga wabo, abamenyeshamakuru n'abafasha mu vy'ubuhinga mu kumenyeshama amakuru barafise uburenganzira bwo kworoherezwa mu murimo bajewe bumvikanyeko na Reta mu ntumbero yo kurangura umurimo bashinzwe.

**Ingingo ya 57 :**

Iri bwirizwa rirakingira amasoko y'amakuru.

**Agahimba ka 2 : Ivyo umumenyeshamakuru ategerejwe****Ingingo ya 58**

Mu burenganzira bwiye bwo kumenyeshama amakuru, uwukora umwuga wo kumenyeshama amakuru ategerezwa kwubahiriza amabwirizwa n'amategeko asanzwe akurikizwa.

Umumenyeshamakuru ntashobora na rimwe kwemera guterwa igitsure mu ntumbero yo kumubuza gushikiriza inkuru y'ukuri yatohoje.

Ategerezwa gutangaza gusa amakuru ataho ahengamiye kandi afise aho yayakuye, ari ayo ukuri akaba ateguwe neza kandi yasuzumwe.

**Article 59 :**

Dans l'exercice de sa profession, le journaliste ou tout autre professionnel d'information doit respecter les convictions religieuses, politiques ou philosophiques du public auquel il s'adresse, même s'il ne les partage pas.

Le journaliste est tenu de respecter la vie privée des personnes.

**Section 2 : Des droits, des avantages et des obligations des organes de presse****Paragraphe 1 : Les droits et les avantages des organes de presse****Article 60 :**

Les organes de presse jouissent de la liberté d'expression.

Ils décident de leurs programmes et assument la responsabilité des émissions qu'ils diffusent.

**Article 61 :**

Deux ou plusieurs organes de presse peuvent se mettre ensemble pour réaliser, en synergie, une activité destinée à informer le public, dans le strict respect de la loi.

**Article 62 :**

En vue de promouvoir la profession de journalisme, l'Etat assiste les organes de presse et de communication qui contribuent à la mise en œuvre du droit à l'information

**Article 63 :**

Les médias régulièrement établis au Burundi bénéficient de l'exonération des droits de douanes et de la taxe sur la valeur ajoutée à l'acquisition du matériel d'équipement.

Une ordonnance conjointe des Ministres ayant respectivement les finances et les médias dans leurs attributions détermine la nature du matériel pouvant bénéficier de l'exonération des droits de douane.

**Ingingo ya 59 :**

Mu kurangura umwuga wiwe, umumenyeshamakuru canke uwukora umwuga wo kumenyeshama amakuru uwo ari we wese ategerezwa kwubahiriza ibijanye no kwemera Imana, ivyiyumviro vya poritike canke ivyiyumviro ngenderwako vy'abantu atohozako inkuru, n'aho boba batabihurizako.

Umumenyeshamakuru ategerezwa kutinjira mu buzima bw'abantu.

**Agace ka 2 : Ivyerekeye uburenganzira bw'ibimenyeshamakuru, uturusho bihabwa n'ivyo bitegerejwe****Agahimba ka 1 : Uburenganzira bw'ibimenyeshamakuru n'uturusho bihabwa****Ingingo ya 60 :**

Ibimenyeshamakuru birafise ubwigenge bwo gushikiriza ivyiyumviro bitandukanye.

Ibimenyeshamakuru ni vyo vyitorera ibiganiro bishikiriza bikaba ari na vyo bibabazwa.

**Ingingo ya 61 :**

Ibimenyeshamakuru bibiri canke vyinshi birashobora kuja hamwe kugira bitunganye, mu gukorera mu runani, igikorwa co gushikiriza ibiganiro abanyagihugu, hubahirijwe amategeko.

**Ingingo ya 62 :**

Mu ntumbero yo guteza imbere umwuga wo kumenyeshama amakuru, Reta irafasha ibimenyeshamakuru biterera mu gushira mu ngiro uburenganzira bwo kumenyeshama amakuru.

**Ingingo ya 63 :**

Ibimenyeshamakuru bikorera mu Burundi biraheberwa amatagisi arihwa ku vyinjijwe mu gihugu hamwe n'amatagisi nyongeragaciro ku bikoresho baguriye mu mahanga.

Itegeko rusangi rishirwako umukono n'Umushikiranganji ajejwe ikigega ca Reta hamwe n'Umushikiranganji ajejwe ibimenyeshamakuru riratomora ubwoko bw'ibikoresho bushobora guheberwa amatagisi arihwa ku vyinjijwe mu gihugu.

**Article 64 :**

Les médias burundais bénéficient d'un fonds de promotion dénommé Fonds d'Appui aux Médias, « FAM », en sigle sous tutelle du Ministre ayant les médias dans ses attributions.

Les ressources du fonds proviennent notamment :

- 1° de la dotation budgétaire annuelle de l'Etat ;
- 2° du concours des bailleurs de fonds.

Les fonds collectés sont hébergés à la Banque Centrale sur un compte ouvert au nom du FAM.

Les modalités d'organisation, de gestion et de fonctionnement dudit fonds sont déterminées par décret.

**Paragraphe 2 : Les obligations des organes de presse****Article 65 :**

Les organes de presse autorisés à fonctionner sont tenus de :

1. s'abstenir de recourir à des financements illicites ;
2. s'assurer que tous les membres de leur personnel sont liés par un contrat de travail, conformément à la législation du travail et de la protection sociale et veiller à sa mise en œuvre effective ;
3. transmettre, au plus tard le 30 septembre de l'exercice suivant, leur rapport narratif et financier au Conseil National de la Communication ;
4. respecter, pour les entreprises de presse publiques et privées, leurs cahiers de charges et des missions convenues avec le Conseil National de la Communication au moment de leur autorisation ;
5. assumer la responsabilité collective d'éventuelles violations des dispositions de la présente loi, en cas des programmes réalisés en synergie avec les autres médias ;

**Ingingo ya 64 :**

Ibimenyeshamakuru vyo mu Burundi birashigikiwa mu gushiraho ikigega co guteza imbere ibimenyeshamakuru ciswe ikigega co gushigikira ibimenyashamakuru, « FAM » mu mpfunyapfunyo y'igifaransa, gikukira Umushikiranganji mu vyo ajejwe harimwo ibimenyeshamakuru.

Amafaranga y'ico kigega ava cane cane aha hakurikira :

- 1° amafaranga Reta igenera ibisata mu yo itegukanya gukoresha ku mwaka ;
- 2° amafaranga ava mu batanga uburyo.

Amafaranga yegeranijwe abikwa mw'ibanki nkuru y'igihugu kw'ikonte yuguruwe kw'izina rya FAM.

Ivyerekeye ugutunganya no gukora vy'ico kigega bishirwaho n'itegeko ry'Umukuru w'igihugu.

**Agahimba ka 2 : Ivyo ibimenyeshamakuru bitegerejwe****Ingingo ya 65 :**

Ibimenyeshamakuru vyemerewe gukora bitegerezwa :

- 1° kutarondera imfashanyo ziteye kubiri n'amategeko ;
- 2° kwitwararika ko abakozi bose ikimenyashamakuru gikoresha baba bafise amasezerano y'akazi, hisunzwe amategeko agenga akazi hamwe n'ayerekeye ugutegekaniriza kazoza abakozi no gukurikirana neza ishirwa mu ngiro ryayo ;
- 3° gushikiriza, hatarenze igenekerezo rya 30 Nyakanga icegeranyo cerekana ivyaranguwe hamwe n'ibijanye n'amafaranga gishikirizwa Inama nkuru y'igihugu ijejwe ivyerekeye ukumenyeshama amakuru ;
- 4° kwubahiriza, ku bimenyeshamakuru vya Reta n'ivy'abigenga, ivyo bitegerejwe gukora hamwe n'imirimo yumvikanyweko n'Inama nkuru y'igihugu ijejwe ivyerekeye ukumenyeshama amakuru mu gihe vyaronswa uruhusha rwo gukora ;
- 5° kwiyemeza kubarizwa hamwe ibishobora gushika bijanye no kurenga ku bitegekanijwe n'iri bwirizwa, mu gihe ari ibiganiro vyateguriwe mu runani rw'ibimenyeshamakuru ;

6. s'abstenir de diffuser ou de publier des contenus portant atteinte aux bonnes mœurs ou à l'ordre public.

#### Article 66 :

Tout organe de presse doit permettre l'accès équitable des partis politiques, des associations de la société civile et des citoyens afin de contribuer aux débats qui préoccupent la société.

### CHAPITRE VI : DU DROIT DE REPONSE ET DE RECTIFICATION

#### Section 1 : Du droit de réponse

#### Article 67 :

Le droit de réponse consiste, pour une personne morale ou physique désignée nominativement ou implicitement dans un écrit périodique, illustré ou pas, dans un média en ligne, dans une émission radiodiffusée ou télévisée, à s'exprimer elle-même ou par son mandataire sur une opinion ou une information qu'elle juge avoir porté atteinte à sa personne ou à ses intérêts.

#### Article 68 :

Sans préjudice des autres voies de droit, toute personne physique ou morale lésée par un contenu d'une publication d'un média a le droit de requérir l'insertion ou la diffusion d'une réponse dans le même support médiatique.

#### Article 69 :

La requête d'insertion ou de diffusion de la réponse est adressée au directeur de publication du média en cause par lettre écrite avec les mentions ci-après :

1. le nom et numéro du journal, le média en ligne, la station de radio ou de télévision concernés ;
2. le titre de l'article ou le nom de l'émission ainsi que la date de publication ou de diffusion du contenu médiatique, objet de la requête ;

6° kudakwiragiza canke kudatangaza ibiganiro bityoza imico myiza canke bihungabanya umutekano mu gihugu.

#### Ingingo ya 66 :

Ikimenyeshamakuru cose gitegerezwa gutuma, imigambwe, amashirahamwe y'abadaharanira inyungu za poritike n'abenegihugu baronka uburenganzira bungana kugira bashikirize iryo bagona ku bibahanze.

### IGICE CA VI : IVYEREKEYE UBURENGANZIRA BWO KUBESHUZA INKURU IKIMENYESHAMAKURU CATANGAJE N'UBWO KUYIKOSORA

#### Agace ka 1 : Ivyerekeye uburenganzira bwo kubeshuza inkuru ikimenyeshamakuru catangaje

#### Ingingo ya 67 :

Uburenganzira bwo kubeshuza inkuru ikimenyeshamakuru catangaje iyo ari ishirahamwe canke umuntu izina ryiwe ryavuzwe canke biciye mu bundi buryo mu kinyamakuru candika gisohoka ku kiringo kanaka, caba icerekana amasanamu canke ikitayerekana, mu kimenyeshamakuru co mu buhinga ngurukanabumenyi, mu kiganiro gicishwa ku nsamirizi canke ku mboneshakure, ni ubwo kwisigura we nyene ubwiwe canke biciye ku ntumwa yiwe ku cyumviro canke ku nkuru abona ko zimukurako agateka canke zibangamira inyungu ziwe.

#### Ingingo ya 68 :

Hatirengagijwe ubundi buryo butegekanijwe n'amategeko, umuntu wese canke ishirahamwe ryose adashimishijwe n'ivyashikirijwe n'ikimenyeshamakuru arafise uburenganzira bwo gusaba ko hashirwa mu vyashikirijwe canke hatangazwa muri ico kimenyeshamakuru nyene inyishu ku vyasohowe.

#### Ingingo ya 69 :

Ikete ry'ugusaba ko hashirwa mu vyashikirijwe canke hatangazwa inyishu ku vyo ikimenyeshamakuru cashikirije ryandikirwa umuyobozi w'ikimenyeshamakuru vyerekeye rigashirwamwo ibi bikurikira :

- 1° izina n'inomero vy'ikinyamakuru, ikimenyeshamakuru co mu buhinga ngurukanabumenyi, insamirizi canke imboneshakure vyerekeye ;
- 2° ijambo ry'umutwe ry'inkuru canke izina ry'ikiganiro hamwe n'igenekerezo inkuru yasohokeye canke ikiganiro catangarijweko, akaba ari na co catumye iryo kete ryandikwa ;

3. l'identité complète du requérant, son domicile ou sa raison sociale et la qualité du signataire de la demande s'il s'agit d'une personne morale.

**Article 70 :**

Le directeur de publication est tenu, en ce qui concerne les journaux, les périodiques et les médias en ligne, d'insérer la réponse dans le numéro suivant après réception de la requête du droit de réponse. L'insertion est faite dans un espace identique et avec les mêmes caractéristiques d'édition.

Dans l'audiovisuel et le multimédia, la réponse est diffusée dans des conditions techniques équivalentes à celles dans lesquelles a été diffusé le message contenant l'imputation invoquée.

La publication et la diffusion du droit de réponse sont gratuites.

**Article 71 :**

L'insertion ou la diffusion de la réponse peut être refusée quand elle :

- 1: est diffamatoire, injurieuse ou contraire aux bonnes mœurs ;
2. met un tiers en cause sans raison valable ;
3. n'a pas de rapport immédiat avec le texte ou le programme qui l'a suscitée ;
4. est rédigée ou livrée dans une langue autre que celle du journal ou de l'organe de diffusion ;
5. dépasse l'espace occupé par l'article ou la durée du programme mis en cause.

**Article 72 :**

Si le directeur de publication d'un organe de presse ne donne pas suite à la requête d'insertion ou de diffusion d'un droit de réponse dans les cinq jours de sa réception, l'intéressé peut saisir le Conseil National de la Communication qui statue, toutes affaires cessantes, sur l'opportunité d'une insertion ou d'une diffusion forcée.

- 3° umwidondoro ukwiye w'uwubisaba, aho aba canke izina ry'ishirahamwe ribisaba n'ico uwushize umukono ku rwandiko rwo kubisaba ari, iyo ari ishira hamwe.

**Ingingo ya 70 :**

Umuyobozi w'ikimenyeshamakuru ategerezwa, ku vyerekeye ibinyamakuru bisohoka ku musi ku musi n'ibisohoka ku kiringo kanaka n'ibimenyeshamakuru vyo mu buhinga ngurukanabumenyi, gushira inyishu mu kinyamakuru kizoca gikurikira kuva amaze kuronka urwandiko rusaba uburenganzira bwo kubeshuza inkuru. Inyishu yo kubeshuza ishira muri ca kibanza nyene c'ikinyamakuru inkuru ibeshuzwa yari yanditswemwo no mu buryo bumwe cari casohotsemwo.

Mu bimenyeshamakuru vyumvikanisha amajwi n'ivyumvikanisha amajwi vyerekana amasanamu n'ibikoresha ubuhinga butandukanye bwo gutanga amakuru, inyishu yo kubeshuza ishikirizwa mu buhinga bumwe nk'uko vyakozwe ku nkuru ibeshuzwa.

Inyishu yo kubeshuza itangazwa canke igashikirizwa ata mafaranga arishwe.

**Ingingo ya 71 :**

Inyishu ibeshuza ishobora kudashirwa mu kiganiro canke kudasohorwa igihe :

- 1° ari iyisiga icyeyi, iyitukana canke iteye kubiri n'imico myiza ;
- 2° ivugwamwo uwundi muntu bidakenewe ;
- 3° idafitaniye isano rigaragara n'inkuru yanditswe canke ikiganiro catangajwe yatumye hatangwa inyishu yo kubeshuza ;
- 4° yanditswe canke yashikirijwe mu rundi rurimi atari urukoreshwa n'ico kinyamakuru canke ico kimenyeshamakuru catanze inkuru ;
- 5° itwara ikibanza canke umwanya uruta inkuru canke ikiganiro kibeshuza.

**Ingingo ya 72 :**

Iyo umuyobozi w'ikimenyeshamakuru atishuye kw'ikete rimusaba gushira mu kinyamakuru canke mu kiganiro inyishu yo kubeshuza mu misi itanu kuva arironse, uwo vyerekeye arashobora kwitura Inama nkuru y'igihugu ijewe ivyerekeye ukumenyeshama amakuru, na yo igaca, ibanje guhagarika ibindi bikorwa vyose, yihweza ko bikwiye canke bidakwiye ko inyishu yo kubeshuza ishira mu kinyamakuru canke mu kiganiro ku nguvu.

 

 



## Section 2 : Du droit de rectification

### Article 73 :

Le directeur de publication d'un organe de presse est tenu d'insérer gratuitement dans la publication ou la diffusion suivante toutes les rectifications qui lui sont adressées au sujet des faits inexacts rapportés.

### Article 74 :

Le droit de rectification est uniquement exercé par le dépositaire de l'autorité publique qui demande le redressement des faits inexacts rapportés par l'organe de presse.

### Article 75 :

Lorsque le directeur de publication et le demandeur de la rectification ne s'accordent ni sur le contenu, ni sur la portée du redressement, le dépositaire de l'autorité publique s'en remet au Conseil National de la Communication qui statue, toutes affaires cessantes, sur l'opportunité de la rectification.

## CHAPITRE VII : DES SANCTIONS DE DELITS COMMIS PAR VOIE DE PRESSE ET DU DROIT A LA REPARATION

### Section 1 : Des sanctions administratives

#### Article 76 :

Le Conseil National de la Communication peut adresser des mises en garde, suspendre ou interdire l'usage de la carte de presse et la lettre d'accréditation pour tout journaliste coupable de violation de la présente loi.

Le Conseil National de la Communication peut interdire ou suspendre pour une période déterminée la circulation, la distribution ou la vente de journaux, de périodiques, la diffusion d'une émission, l'exploitation d'une station de radio ou de télévision, d'une agence de presse ou d'un média en ligne quand ils ne se conforment pas à la loi.

## Agace ka 2 : Ivyerekeye uburenganzira bwo gukosora ivyashikirijwe

### Ingingo 73 :

Umuyobozi w'ikimenyeshamakuru ategerezwa gushira mu kinyamakuru canke mu kiganiro kizoca gukurikira, ata mafaranga asabwe, ibikosorwa vyose yashikirijwe bijanye n'ivyatangajwe n'ikinyamakuru canke ikiganiro bidahuye n'ukuri.

### Ingingo ya 74 :

Uburanganzira bwo gukosora ivyashikirijwe bukoreshwa gusa n'uwushinzwe amabanga ya Reta, ari na we asaba ko hakosorwa ivyabaye bidahuye n'ukuri vyashikirijwe n'ikimenyeshamakuru.

### Ingingo ya 75 :

Mu gihe umuyobozi w'ikimenyeshamakuru hamwe n'uwusaba uburenganzira bwo gukosora inkuru yatanzwe badahuriye haba ku bishirwa mu bikosorwa canke aho vyashitse mu gukwiragizwa, uwushinzwe amabanga ya Reta aca yitura Inama nkuru y'igihugu ijewe ivyerekeye ukumenyeshama amakuru, na yo igaca, ibanje guhagarika ibindi bikorwa vyose, yihweza ko bikwiye canke bidakwiye ko hakosorwa inkuru yatanzwe.

## IGICE CA VII : IVYEREKEYE IBIHANO KU VYAHA BIKORWA BICIYE MU KUMENYESHA AMAKURU N'UBURENGANZIRA BWO GUSABA INDISHI

### Agace 1 : Ivyerekeye ibihano bifatwa n'abajewe ubutegetsi

#### Ingingo ya 76 :

Inama nkuru y'igihugu ijewe ivyerekeye ukumenyeshama amakuru irashobora kugabisha, guhagarika ivy'agateganyo canke kubuza ikoresha ry'ikarata y'umumenyeshamakuru no kumwaka uruhusha rwo gukorera mu gihugu ku mumenyeshamakuru wese yagiriwe n'icaha c'ukurenga kuri iri bwinizwa.

Inama nkuru y'igihugu ijewe ivyerekeye ukumenyeshama amakuru irashobora kubuza canke guhagarika ku kiringo kizwi uko kingana ko ibinyamakuru bisohoka ku musu ku musu, ibisohoka ku kiringo kanaka bihanahanwa, bikwiragizwa canke bidandazwa, ko ikiganiro gishikirizwa canke ko insamirizi, imboneshakure, ikigo gitororokanya amakuru canke ikimenyeshamakuru co mu buhinga ngurukanabumenyi bikora igihe biba bitubahirije amategeko.

La décision du Conseil National de la Communication doit être dûment motivée. Elle est susceptible de recours devant la Cour administrative.

#### Article 77 :

Tout article, toute émission même anonyme, engage la responsabilité pénale de l'organe de presse, du directeur de publication et de l'auteur. Les autres personnes ayant contribué au délit peuvent être poursuivies comme complices.

La responsabilité de l'imprimeur n'est engagée que s'il a omis de mentionner le nom du directeur de publication sur les exemplaires ou si sa complicité avec ce dernier est avérée.

#### Article 78 :

L'organe de presse suspendu ne peut pas prétendre aux avantages prévus à l'article 63 et ceux offerts par le Fonds d'appui visé à l'article 64 pendant la période couvrant la sanction.

### Section 2 : Des Sanctions pénales

#### Article 79 :

Est puni d'une amende de cinq cent mille à un million cinq cent mille de francs Burundi (500.000 à 1.500.000 BIF), quiconque publie ou diffuse des informations constitutives des délits ci-après :

1. l'injure, l'imputation dommageable et l'outrage ;
2. la diffusion de fausses nouvelles ;
3. l'outrage public aux bonnes mœurs ;
4. la dénonciation calomnieuse ;
5. l'atteinte à la vie privée ;
6. l'atteinte à la présomption d'innocence ;
7. la révélation de l'identité de la victime des violences sexuelles.

Les autres délits commis par voie de presse sont qualifiés et sanctionnés conformément au Code pénal et aux autres lois particulières.

#### Article 80 :

La preuve de la véracité du fait réputé diffamatoire exonère le journaliste de toute condamnation, sauf si le fait allégué a été amnistié, est prescrit ou relève de la vie privée.

Ingingo ifashwe n'Inama nkuru y'igihugu ijewe ivyerekeye ukumenyeshya amakuru itegerezwa gutangirwa imvo uko bitegerejwe. Irashobora kwitwarirwa muri sentare ica imanza zerekeye Reta n'ibisata vyayo bimwebimwe.

#### Ingingo ya 77 :

Ku caha cakoze n'ikinyamakuru cose, ikiganiro cose n'aho ata we codomako urutoki, hakurikiranwa ikimenyeshamakuru, umuyobozi w'ikimenyeshamakuru hamwe n'uwagiteguye. Abandi bantu bagize uruhara muri ico caha barashobora gukurikiranwa nk'abafashije gukora icaha.

Uwusohora ikinyamakuru akurikiranwa gusa iyo yirengagije gushirako izina ry'umuyobozi w'ikimenyeshamakuru ku binyamakuru yasohoye canke iyo bigaragara ko yamufashije gukora icaha.

#### Ingingo ya 78 :

Ikimenyeshamakuru cahagaritswe ivy'agateganyo ntigishobora kuronswa uturusho dutegekanyijwe mu ngingo ya 63 n'udutangwa n'ikigega c'ugushigikira ibimenyeshamakuru kivugwa mu ngingo ya 64 mu kiringo igihano kimara.

### Agace ka 2 : Ivyerekeye ibihano mpanavyaha

#### Ingingo ya 79 :

Ahanishwa ihadabu riva ku mafaranga y'Uburundi ibihumbi amajana atanu gushika kumuriyoni nibihumbi amajana atanu (500.000 gushika ku 1.500.000), uwo wese asohoye canke atangaje inkuru zifatwa nk'ivyaha bikurikira:

1. ugutukana, ugutyozza ;
2. ugutangaza inkuru zitari iz'ukuri ;
3. uguhonyanga imico myiza ku mugaragaro ;
4. ukudendereza umuntu ;
5. ukwisuka mu buzima bw'umuntu ;
6. ukurenga ku burenganzira bwo gufatwa nk'umwere ;
7. ugushira ku mugaragaro uwakorewe amabi y'ugushurashuzwa ku nguvu.

Ibindi vyaha bikorwa biciye mu kumenyeshya amakuru vyerekanwa kandi bihanwa hisunzwe Igitabu c'amategeko mpanavyaha n'ayandi mabwirizwa avyerekeye.

#### Ingingo ya 80 :

Icemezo c'uko inkuru ifatwa nk'ukwararaza ari iy'ukuri gituma umumenyeshamakuru atagirwa n'icaha ico ari co cose, kiretse iyo icaha yagirizwa catangiwe ikigongwe c'ikivunga n'ibwirizwa, cataye igihe, canke cerekeye ukwisuka mu buzima bw'umuntu.

**Article 81 :**

Les délits de presse dépenalisés se prescrivent par trois mois.

**Section 3 : Du droit à la réparation des dommages****Article 82 :**

Tout organe de presse qui sert de support à la commission d'un délit est tenu de réparer les dommages causés à autrui conformément aux articles 258 et suivants du Code Civil Livre III.

**CHAPITRE VIII : DES DISPOSITIONS FINALES****Article 83 :**

Toutes dispositions antérieures contraires à la présente loi sont abrogées.

**Article 84 :**

La présente loi entre en vigueur le jour de sa promulgation.

Fait à Gitega, le 12 juillet 2024

Evariste NDAYISHIMIYE.-



PAR LE PRESIDENT DE LA REPUBLIQUE,

VU ET SCÉLÉ DU SÉCRÉTAIRE DE LA REPUBLIQUE,

LE MINISTRE DE LA JUSTICE,

Domine BANYANKIMBONA

**Ingingo ya 81 :**

Ivyaha bikorwa n'ibimenyeshamakuru bidahanishwa umunyororo bita igihe mu mezi atatu.

**Agace ka 3 : Ivyerekeye uburenganzira bwo guhabwa indishi**

**Ingingo ya 82 :**

Ikimenyeshamakuru cose gikorewemwo icaha gitegerezwa guha indishi uwakorewe icaha hisunzwe ingingo ziva ku ya 258 n'izikunkira z'igitabu ca III c'amategeko agenga amatati.

**IGICE CA VIII : IVYEREKEYE INGINGO ZISOZERA****Ingingo ya 83 :**

Ingingo zose zahahora ziteye kubiri n'iri bwirizwa zirafuswe.

**Ingingo ya 84 :**

Iri bwirizwa ritangura gukurikizwa kuva umusi ritangarijweko.

Bigiriwe i Gitega, ku wa 12 Mukakaro 2024

NDAYISHIMIYE Evariste.-



KU BW'UMUKURU W'IGIHUGU,

BIBONYWE KANDI BISHIZWEKO IKIMANGU CA REPUBURIKA

UMUSHIKIRANGANJI W'UBUTUNGANE,

BANYANKIMBONA Domine

